


ZVIITIKO ZVICHIIJEKESWA

NECHIPOROFITA

 Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate. Ishe Mwari wedu, Musiki mukuru weDenga nyenika, Uyo akadzosa zvekare Jesu kubva kuvakafa, uye mupenyu nesu kwemakore zviuru zviviri izvi, achirarama nekusingaperi kuti asimbise Shoko raKe uye achiriita Zvokwadi kuchizvarwa choga-choga. Tinotenda neHupo hwaKe Hutsvene iye zvino, tichiziva izvi, kuti tine rubatso rukuru urwu, kuti kana hupenyu huno hwapera, tine Hupenyu Husingaperi munyika iri kuuya. Tinokutendai, naizvozvi, Ishe. Netariro iyoyo, inova chinobata munhu wemukati, chakasimba uye chechokwadi munguva yedutu. Zvino kana matutu auya, masaisai makuru achisimuka, tinonzwa kuti nekutenda maAri tinokwanisa kukunda saisai rose.

² Mwari, tibatsirei manheru ano tichisvika pakunamatira vanorwara nevari kutsvaka. Tinonamata, Mwari, kuti pasave nemunhu ari kurwara pakati pedu patinobva manheru ano. Dai munhu wese apodzwa neSimba reNyu, kwose pano nekutenderedza nyika, vepamafoni, dai pakasave nemunhu ane hutera anobuda muchivakwa chino kana unganano ipi zvayo usiku huno. Dai Mweya weNyu wavapodzwa. Itai kuti Zuva guru rekururama, rine kupodza mumapapiro aKe, risimuke, ritumire mirazvo yokutenda mumwoyo wose pavanoteerera kuShoko, vaone kuratidzwa kweMweya Mutsvene zvichivapa kugutsikana kwekuti Iye achiri mupenyu. Tinonamatira maropafadzo aya, Baba, muZita raJesu. Amen.

Mungagare henyu pasi.

³ Zvirokwazvo isu tinoutora somukana mukuru kuva pano manheru ano, zvakare, ku—kutura kune vanhu nekunamatira varwere. Tinoda kukwazisa vose avo vari kunze kunyika yemu—yemubatanidzwa wemafoni wakatenderedza nyika, zvakare manheru ano. Zvino saka tinonamata kuti Mwari aropafadze mumwe nemumwe wenyu, ndichivimba kuti vose vagamuchira Kristu mangwanani ano vachazadzwa neMweya Mutsvene uye vacharamba vachirarama vakatendeka kwaAri kusvikira hupenyu hwapera pano panyika, uhu hupenyu hunofa. Uye zvadaro ivo, nokudaro, vanowana Hupenyu Husingaperi. Havachazombofa muzera riri kuuya, kuZera guru ratiri kutarisira tose.

⁴ Zvino tichati, ndichiri kufunga nezvazvo, kwete kuti ndikanganise. Hama Vayle vari pano, uye ndingazotadza

kuvaona. Ndicha...Ndinokwanisa here kutumira chinyorwa chiya kwamuri pandinodzokera kuTucson? Ndiri kuriyongorora, handisati ndariverenga rese, uye ndicharitumira kwamuri pandinongosvika kuTucson.

⁵ Zvino ndinoda kupa chiziviso. Ichi ndechekunyanya kune machechi kwese-kwese, kunyanya Kumadokero, kana kumwewo vanoda kuuya. Hama yedu inoremekedzwa, Hama Pearry Green, ne...Ndiye murume akavamba mubatanidzwa wemafoni pano. Ishe vanga vari kuzviisa pamoyo wavo kuti vauye vatishanyire kuTucson, uye vatange rumutsiro kuTucson, zvinova zvatindisisa. Zvino Hama Pearry vachange vari muTucson. Kana muchida kutaura navo, ingobatai hofisi yedu ikoko. Zvichava munaNyamavhuvhu misi ya10, 11, 12, na13. Vanga vainazvo pamoyo wavo kwenguva refu, zvino ndakavaudza kuti pane “nzira imwe chete yekuzvibvisa pamoyo wenyu, endai munozviita.” Zvino iye ihama yeChikristu, muranda waMwari wemazvirokwazvo. Zvino imi vanhu, muTucson, ndinoziva mucharopafadzwa pavanenge vachishumira ikoko pane imwe nzvimbo, zvichida kuRamada Inn kana chero Ishe kwavanenge vapa nzvimbo, havanayo pano. Asi ndinoziva kuti mucharopafadzwa nekuuya, kunzwa Hama Green apo vanenge vachiparura Shoko raMwari kwatiri, zvichida kunamatira varwere, kana chero zviri pamungava wechizoro chaMwari kuti vaite.

⁶ Tinodawo kutenda Hama Orman Neville, Hama Mann, nokuda kwenguva iyi yakanaka yekuwadzana navo. Ndine kutenda kwakadini kuti, ndive ndinobatanidzwa nemunhu akaita saHama Neville, Hama Mann, nevose vamwe vashumira vakatenderedza pano. Ndinofungidzira kuti vacherechedzwa. Kana musina, nebato redu uye nechechi yedu pano, ini ndine chokwadi kuti Mwari vanokucherechedzai pano sevaranda vaKe. Dai Ishe vakuropafadzai.

⁷ Zvino, ndakumbirwa chinhu chidiki pano, pakanyorwa kadiki kandapihwa, kuti...Ivo vakava nemusangano wematirastii humwe husiku pano, pamusoro pebato rematirastii nemadhikoni, uye ndinofunga kuti zvinyorwa zvehurukuro dzacho zvaverengwa mangwanani ano pamberi pekereke. Inova, iri tsika yedu kuita izvozvo. Musarudzo dzakaitwa nebato rematirastii nemadhikoni muno muchechi, hongu, hazvingafadzi munhu wese. Hatigoni kudaro. Handina kana nechimwe chete chekuita nebato rematirastii nemadhikoni. Handina kana vhoti yangu kunze kwekunge mavhoti aenzana, uye ndinotofanira kuti ndinge ndiripano kuti ndizviite zvadaro, Hama Orman Neville vanatora vhoti iyoyo yepiri. Zvadaro tinofanira kusaina izvi, nokuti tiri chikamu chechechi. Asi sarudzo dzinotorwa nebato rematirastii uye nawo mapato, zvirokwazvo tinozvitsigira zvizere, nekuti ndizvo zvavari pano kuti vaite. Zvino sarudzo dzavo dziri pakati pavo naMwari. Ini handigoni, handigoni uye

handizombodaro, nenzira ipi zvayo, kupesana nesarudzo iyoyo. Uye chimwe chinhu, handitenderwi nehurumende yeUnited States kuti nditore sarudzo maererano nazvo, saka ndapota musandikumbira kugadzirisa sarudzo dzavo. Handigoni kudaro, uye hapana chandichanzwa pamusoro pazvo. Maona? Saka musandikumbire kuti ndigadzirise sarudzo dzavo. Imi onai bato, ndiro rakatora sarudzo. Zvakanaka.

⁸ Zvino muchiitiko chemusangano uri kuuya, zvinokwanisika, kana Ishe achitendera, ndichange ndichidzoka pano mumavhiki angaita mana kana kusvika matanhatu, kana zvimwe zvakada kudaro, zvichida kune mumwe musangano weSvondo. Zvino ndazivisa mangwanani ano kuti ndinoda kutaura pamusoro pa*Mwari Achiratidzwa MuShoko RaKe*, uye ndichange ndisina nguva manheru ano, zvino, chaizvo, handina izwi rakakwana rekuzviita. Uye zvadaro mhomo, kune vari panze vakawanda zvakada kufanana nevari mukati, uye, pamwe kudarika, tichiverenga mabhazi nemarori nezvinhu zvigere kunze uko zviine vanhu. Yakabatidzwa, kanhepfenyuro kave nani zvishoma, tinokwanisa kukanzwa. Aka kasaisai, kasaisai kapfupi kanobva patabhenakeri, tinokwanisa kukanhonga kubva kunhanho yebhuroko rimwechete remuguta. Zvino dzimwe dzemotokari dziri mabhuroko dziri kure zvingaite mabhuroko emuguta akati kuti kubva pano, mitsetse yemota, kukwidza nekudzika, nekutenderedza uye mumigwagwa, yakatenderedza tabhenakeri manheru ano. Handitendi panguva ipi zvayo, zvinoneka, kuti takambova nevanhu vanopfuura vakatsvikinyidzirwa mukati nekutenderedza chechi manheru ano. Saka isu tiri...Uye vazhinji, zhinji, zhinjisa vari kungotyaira vachiuuya nokutyaira vachienda.

⁹ Saka zvinotaridza, “Pane Mutumbi ipapo, zvapungu zvichaungana.” Zvino regai nditi kwamuri manheru ano, mukaboka kano kadiki, kuungana kwenyika dzakasiyana-siyana. Chaizvoizvo zvikamu zinopfuura zviviri kubva muzvitatu zvemubatanidzwa wenyika zvakamiririrwa pano, kunze kwenyika shanu dzekunze, kunyange kuRussia, uye kwese-kwese munzvimbo dzakasiyana dzenyika. Uko zasi kupinda muVenezuela, nokubuda kunopinda muJamaica, kwese-kwese munzvimbo dzakasiyana dzenyika, vanhu vari pano, vane nzara nenyota yaMwari. Inguva yakaisvonaka sei!

¹⁰ Zvino ndinoda, ndisati ndaverenga Bhaibheri, kuti mungandinamatirewo iko zvino. Ndi—ndiri kuzoedza kuunza Mharidzo duku, Ishe vachitendera, pamusoro pemashandiro ekupodza kwaMwari. Nokuti, mangwanani ano tataura pamusoro peruponeso. Zvino manheru ano tiri kuzotaura maminiti mashoma pamusoro pekupodza kwaMwari, zvadaro tozodana mutsara wekunamatirwa uye tonamatira vanhu. Patiri kuita izvi, kunze kumubatanidzwa wemafoni, chero kwamuri, kunyange kunze mumabhazi nemota dzakatenderedza, bhuroko

rimwe kana mairi kubva patabhenakeri; kana yasvika nguva yekunamatira vanorwara, kana usingagoni kupinda muchivakwa. . . Izvo, zvamusiri kugona kuita, ndine chokwadi zvino, nokuti misiwo yese yakazara zvekutsvikinyidzwa, pakupfuura, uye hapana pane nzvimbo, saka imi namatai nekuisa maoko enyu mumwe pane mumwe kunze uko. Uye regai mushumiri wese ari pamubatanidzwa wefoni manheru ano, anamatirewo unganano yake apo shumiro dzekunamatira varwewe dziri kuenderera mberi. Tinotenda kuti Mwari ari kwese-kwese panguva imwe chete, kwese-kwese. Zvino tisati taverenga kana. . .

¹¹ Tisati ta—tanamata, tinoda kuverenga rimwe reShoko raMwari. Uye ndashandura Magwaro a—angu chinguva chapfuura, nokuti ndichida kushandura mhando yemusanganano wandanga ndagadzira mupfungwa dzangu kuitira usiku hwanhasi, saka ndaishandura zvisvikiro; zvino saka ndatozoshandura Magwaro angu, kwete kuashandura, asi kuaisa neimwe nzira, yekupodza kwaMwari, kuitira kuti—kuti vanhu vazonzwisisa.

Ngatizarurei kunaMutsvene Ruka, chitsauko 24. Zvino tichatangira pandima 12 yechitsauko 24, uye toverenga kusvika zvichida kuna 34. Inotaura pamusoro perumuko rwaIshe Jesu.

Zvino Petro, Petro akasimuka, akamhanyira kubwirowo; akakotama, akaona micheka. . . ashamisika nezvakanga zvaitwa.

Uye, tarirai, Pazuva irero vamwe vaviri vavo vakanga vachienda kumusha wainzi Emausi, wakanga uri kure neJerusarema mastadia ana makumi matanhatu.

Zvino, zvinitora mastadia gumi kusvitsa ma—maira, saka aiva mamaira angaita matanhatu.

Vakanga vachitaura pamusoro. . . zvinhu izvi zvakanga zvaitika.

. . . zvakaitika, kuti, vachitaurirana nokubvunzana, Jesu amene akaswedera, akafamba navo.

Asi meso avo akanga abatwa kuti vasamuzive.

Akati kwavari, Mashoko amunotaurirana pamusoro pawo, muchifamba, makasuwa ndeiko?

Zvino mumwe wavo, wainzi Kreopasi, akapindura achiti kwaari, Ko ndiwe wega ugere muJerusarema semutorwa, uye here usingazivi zvinhu izvi zvakaitika. . . mazuva ano?

Akati kwavari, Zvinyiko?

Zvino rangarirai, uyu ndiJesu pachaKe, amuka, ari kutaura.

Zvino vakati kwaari, ZvaJesu weNazareta, waiva muporofita une simba pabasa nepashoko pamberi paMwari nepavanhu vose:

...kuti vaprisita vakuru nevabati vedu vakamuisa kune...kuti—kuti atongerwe rufu, vakamurovera pamuchinjikwa.

Takanga tichiti iye ndiye waizodzikinura vaIsraeri: uye pamusoro paizvozvo zvose, nhasi rava zuva retatu kubva pakuitwa kwazvo.

Uyezve, vamwe vakadzi vekwedu vakanga vafumira kubwiro, vakatishamisa;

Nokuti vakati vachishaiwa muviri wake, vakauya, vachiti, vaona chiratidzo chavatumwa, vaiti... mupenyu.

Zvino vamwe vaiva nesu vakaenda kubwiro, vakandozvivana sezvakareva vakadzi: asi iye havana kumuona.

Teerera! zvino; Jesu.

Zvino akati iye kwavari, Imi vekusafunga,... mune moyo inononoka kutenda zvese zvakarehwa nevaporofita:

Ko Kristu wakanga asingafaniri kutambudzika saizvozvo, nokuzopinda pakubwinya kwake here?

Ipapo akatanga kuna Mosesi navaporofita vese, akavadudzira zvose, zvakanyorwa pamusoro pake muMagwaro ese.

Zvino vakaswera kumusha, kwavakanga vachienda: iye wakaita sewoda kupfuura.

Asi vakamugombdzera, vachiti, Garai nesu: nekuti madekwana oswera, zuva ravira. Ipapo akapinda kundogara navo.

Zvino zvakaitika kuti, wakati akagara navo pakudya, akatora chingwa, akachiropafadza, akachimedura, ndokuvapa.

Ipapo meso avo akasvinudzwa, vakamuziva; akanyangarika vakasamuona.

Vakataurirana vachiti kune mumwe, Ko moyo yedu yakanga isingapisi mukati medu, achitaura nesu munzira, nokutizarurira Magwaro here?

Vakasimuka nenguva imwe iyoyo, vakadzokera Jerusarema, vakawana vane gumi nemumwe vakaungana pamwe, uye nepavaiva navo,

Ivo vakati, Ishe wamuka zvirokwazvo, uye waonekwa naSimoni.

Vakarondedzera zvakaitika munzira, uye kuti wakazikanwa navo sei nokumedura chingwa.

¹² Zvino ngatinamatei. Baba venyasha vanodikanwa, tinoKutendai neShoko reNyu, nokuti Shoko reNyu iZvokwadi, Shoko reNyu Upenyu. Zvino Imi, O Ishe, neShoko reNyu muri Mumwe. Saka tinonamata manheru ano, Ishe, kuti Muuye pakati pedu musimba rekumuka kweNyu uye muchiratidzira kwatiri usiku huno, seavo vaibva kuEmmaus, kuti isuwo tidzokere kudzimba dzedu, tichiti, “Mwoyo yedu haina kutsva here mukati medu?” Zvitenderei, Ishe, yave kusvika nguva yemadekwani zvakare. Nokuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

¹³ Zvino ndinoda kutaura maererano neBhaibheri rino. Uye chidzidzo changu manheru ano, semusoro wenyaya, ndechokuti: *Zviitiko Zvichijekeswa NeChiporofita. Zviitiko Zvichijekeswa NeChiporofita.*

¹⁴ Zino, Bhaibheri iBhuku rakasiyana nemamwe mabhuku ese anoereswa. Bhaibheri iBhuku rakasiyana. Ibhuku rechiporofita, rinofanoreva zviitiko zvichaitika. Uyewo ChiZaruro chaJesu Kristu. Nzira yose kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, zvinoMubuditsa muhuzaro hwaKe, zvaAiva uye zvaari. Uye Bhuku rose rakakwana, Zvakazarurwa 1:1 kusvika 3, yakati Bhuku iri iBhuku “reZvakazarurwa zvaJesu Kristu,” rinova Shoko raMwari. “Zvakazarurwa zvaJesu Kristu,” Shoko raMwari!

¹⁵ Zvino, mamwe mabhuku ese, mabhuku anoereswa, ingori mirairo yakatarwa, mirairo yemagariro, dzidzo yezvitendwa yakanyorwa. Chinhu icho... Vangani vakamboverenga Korani, Bhaibheri raMohammed, ne—nebhuku rinotaura pamusoro pemaBhudha, nezvimwe zvakadaro? Ringori zvitendwa zvakanorwa, zvinofanirwa kuraramiwa nevanhu, mararamire avanofanira kuita, asi hariporofite, hapana charinotaura pamusoro peizvi kana pamusoro pezvipo zvakatsaurwa zvinopiwa kuna chero ani zvake, chero chinhu chinotora nzvimbo. Sekungojoinha roji kana chimwe. Nokudaro, kana machechi asvika pachinhano chekuti vanoita chechi yavo seroji rekungojoinha, zvadaro vabva paShoko raMwari zvemazvirokwazvo.

¹⁶ Nokuti Bhaibheri huchapupu hupenyu, hwakafanotaurwa hwaJesu Kristu. Zvino nyika yakura zvokupinda muhuzaro hwayo, uyewo mizambiringa yakura kusvika muhuzaro hwayo, zuva rinokura kupinda muhuzaro hwaro, Bhaibheri rakaratidzwa muhuzaro hwaRo muHunhu hwaJesu Kristu. Iye aiva Shoko raMwari rakazarurwa, Bhuku rose rakakwana reRudzikinuro. Bhaibheri iShoko raMwari, rinofanotaura zviitiko zvichaitika. Vatendi vaRo vanorairwa neMunyorwaRo kuti vaverenge nokutenda Shoko rose raRo, kwete kungoti chikamu chaRo. Shoko rimwe chete, kusaRitenda,

ungasva waregedza kuedza kusvikira watenda Shoko iroro. Shoko rose zvirokwazvo chikamu chaMwari Samasimba; Mwari akazviratidza, akaputirwa muShoko raKe, kuratidza pachena Iye zvaAri. Tinorairwa, sevatendi, kutenda Shoko rose raRo. Zvino Rakanyorwa neMunyori Mwari pachaKe. Hapana munhu anogona kuwedzera chinhu paRiri kana kubvisa chinhu paRiri. Dai waidaro, waiva mutumbi usinganzwisike waMwari. Waizova, pamwe nezvignunwe zvitanzhatu paruoko rumwe chete, kana—kana maoko matatu, kana chimwe chinhu, kuwedzera chimwe chinhu, kubvisa chimwe chinhu kubva pazviri poshaikwa rumwe ruoko, poshaikwa chimwe chigunwe. Mutumbi waJesu Kristu wakakwana. Uye munaKristu, ari Murume, Chikomba, Mwenga wakamiririrwa maAriwo. Zvino vairi ava Mumwe. “Nezuva iroro muchaziva kuti Ndiri munaBaba, Baba vari maNdiri, Ini mamuri uye imi maNdiri.” Mufananidzo wakakwana sei!

¹⁷ Zvino vatendi vechokwadi muShoko rino, vanoRitora nenzira iyoyo, vachiRitenda, uye nekutsungirira vanomirira vimbiso dzaRo dzarakaporofita, imwe neimwe yadzo kuti izadziswe muzera rayo. Mutendi wose aritarisa. Mutendi wose anga amire nezvidodoma, achitarisa, ndiye akazvizarurirwa.

¹⁸ Zvino tarirai mumazuva ekuuya kwaIshe Jesu. Sei vanhu vaye vasina kucherechedza Johane, apo Bhaibheri rakataura pachena kubudikidza naIsaya, “Pachava nenzwi reuyo anodanidzira murenje, ‘Gadzirirai nzira yaShe’”? Muporofita wavo wekupedzisira wawakava naye, inova Malachi 3, yakati, “Tarirai, ndinotumira mutumwa waNgu mberi kwechiso chaNgu kunogadzira nzira.” Sei vasina kuzviona? Nokuti vaitarisa pane chimwe chinhu changa chamboitwa, vachizendamisa pfungwa dzavo pane imwe mharidzo yakanga yambofanopiwa, uye ndokutadza kuona kuratidzwa kwaMwari panguva iyoyo muzuva ravairarama.

¹⁹ Zvino Makristu, kwese-kwese, ndipo chaipo pamire nyika manheru ano. Pasina kupesana, ndicho chokwadi! Makristu, kwese-kwese, vari kuedza kutarisa shure kune chinyorwa chezvitenzwa chakanyorwa naVaRuther, kana VaWhisiri, Sankey, Finney, Knox, Calvin; zvokuti, hapana mumwe wedu aotaura zvakaipa pamusoro pazvo, asi ndezvemuzuva rakapfuura.

²⁰ VaFarise vakatarisa shure kuti vaone zvakataurwa naMosesi, uye ndokuti, “Tina Mosesi. Hatizivi kwaUri kubva.”

²¹ Asi rangarirai, apo Mosesi pano, havana kuziva kwaaibva. Maona? Uye zvino ivo...Hazvishamise sei Jesu akati kwavari, “Munokwenenzvera mabwiro evaporofita, uye murimi makavaisa imomo.” Shure kwekunge Mharidzo yavo yaenda! Mharidzo inouya, vanhu vanoIona, vanoita dambe naYo (nyika ndiyo inodaro). Uye zvararo mushure mekunge mutumwa

apedza uye Mharidzo yapera, zvarado vanovaka sangano pamusoro pemharidzo. Uye ipapo ndipo pavanofira, ipapo chaipo, havadzoke zvachose kuUpenyu zvakare.

²² Chingotaraisai kwechinguva, kune vamwe venyu vanhu, uye ndiri kunyanya kutaura kunemi vanhu vechiKatorike. Munocherechedza here, makamboverenga here nhoroondo chaiyo, nhoroondo yekereke yeRoma Katorike? Kuti munhoroondo yenyu yevakafira chitendero, kubvira kuna Musande Augustine weHippo, mamiriyoni mangani evanhu vasine mhaka vakauraiwa nechechi! Ndiri kukanganwa, handicharangariri huwandu chaihwo, asi huri kumamiriyoni, kubvira kuna Musande Hippo we...Musande Augustine weHip-...weHippo, Africa, chakaitwa chiziviso kuti kwanga kuri zvirokwazvo kuda kwaMwari kuuraya wese anopesana nechechi yeRoma Katorike. Munocherechedza here kuti mazviri, kuti Mutsvene Patrick haana kumbocherechedzwa kusvikira shure kwekufa kwake, semuRoma Katorike? Akapikisa papa nezviito zvake zvose, uye chechi yeKatorike pachezvayo yakauraya makumi ezviuru evana vake. Maiziva here kuti chechi yeKatorike yakapisa Joan weArc, kamudzimai kaye katsvene, pamatanda, nokuda kweku-...vakati aiva muroyi. Makore mazana mairi akatevera, vakafukunura mitumbi yevapisita, pavakaona kuti zvanga zvisizvo, ndokuvakandira mugungwa, vasina kuvaviga muvhu rakaereswa, kuita zvekuzvidemba.

Usarega zuva richipfuura nepamusoro pako, uye ugodusa.

²³ Ivo vaprisita vanodisa sei, manheru ano, kuuya mberi, avo vakapomera Jesu. Chinhu bedzi, havana kuona zvakafanorehwa zvinguva iyoyo. Dai ivo...Jesu akati, “Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga,” kana kuti, waro, “munotaura kuti mune Upenyu Usingaperi, uye Magwaro ndiwo anokuudzai kuti Ndiri Ani,” panguva iyoyo.

²⁴ Cherechedzai, Bhaibheri harigoni kukundikana. Ndicho chinhu chimwe charisingagoni kuita, Shoko raMwari, kukundikana, nekuti Rinofanoreva mabasa eMunyorori waRo asati Aaita.

²⁵ Zvino, pane mukana mumwe kubva muchuru wekuti munhu anofanotaura kuti chakati kana icho chiri kuzoitika, uye choitika. Asi akareva nzvimbo *iyoye* yazvichaitikira, zvinomuderedza kusvika pamwe pamukana mumwe kubva muzviuru gumi. Kana akataura *zuva* razvichaitika, zvinoudimbura, mukana mumwe kubva kuda mumiriyoni. Uye *uyo* wazvichaitikira kwaari, zvinoderedza kusvika kumabhirioni emikana.

²⁶ Asi Bhaibheri rino rinokuudza chaizvoizvo kuti *ndiani*, *riinhi*, *kupi*, uye *chii* chekutarisira, uye harina nguva imwe yarakambokundika. Naizvozvo, muhurukuro diki hapana hapo nguva refu yapfuura, nemuprisita wechechi yeSacred Heart

kumusoro kuno; akati, “VaBranham, muri kuedza kuita nharo neBhaibheri.” Akati, “Inhoroondo yechechi.”

Ini ndikati, “Haisi nhoroondo. NdiMwari, pachaKe, muzvinyorwa.”

Iye ndokuti, “Mwari ari mukereke yaKe.”

²⁷ Ini ndikati, “Mwari ari muShoko. Uye chose chinopesana naRo, ngachive nhema. Nokuti Iye akati, ‘Regai Shoko raNgu rive Chokwadi uye shoko remunhu wese rive nhema.’”

Iye akati, “Hatifanire kuitisana nharo.”

²⁸ Ini ndikati, “Handina kumbokukumbira kuti uite nharo, asi Bhaibheri rinoti, ‘Huya, tikurukure pamwe chete.’”

²⁹ Rinofanoreva zviito zveMunyori Iye asati azviita. Nokudaro, kuzvireva, zvino izvozo zvinoisa murume nemudzimai wese, paZariro reKutongwa, asina pembedzo. Kana ukatora zvinotaurwa nemaMethodisti pamusoro paRo, zvinotaurwa nemaBaptisti pamusoro paRo, zvinotaurwa nemaKatorike, zvinotaurwa nePentecosti, kana chero imwe chechi, unokwanisa kuwana maodzamwoyo paKutongwa. Asi ukangotarisa zvakanzi neBhaibheri zvichaitika, uye pazvinoitika, zvararo unocherechedza zvinoitika.

³⁰ Zvino, hazvisi pamhene pakajeka pekuti vanhu vese vanogona kuzviona, nokuti Jesu akatenda Mwari nokuzvivanza kubva kumeso evakachenjera nevane hungwaru, uye vozvizarurira kuvacheche avo vaaizodzidza. Fungai pamusoro paMwari Samasimba akagara muShoko raKe Amene, aine simba rekupofomadza vapfumi nevasina ruremekedzo uye—uye vadzidzi vakafunda, kuvapofomadza meso avo kuti vasaMuone, uye ovhura meso evarombo nevasina fundo.

³¹ Cherechedzai vanhu ava vaibva kuEmausi, Iye akati kunzwisisa kwavo—kwavo pamusoro paKe kwakamiswa. Ivo vakataura naYe uye havana kumboziva kuti Ndiani, zuva rese. Mwari vanogona kuzviita, nekuti Iye ndiMwari.

³² Ndizvo chaizvo zvaakaita kuvaprisita vaye, vanyori vaye, nokuti Zvakanyorwa kuti Aitofanira kudaro. Mwari akapofomadza meso avo kuti tiwane mukana. Cherechedzai, havaigona kuona, zvisinei kuti vaiva vadzidzi vakadini, kuti vaiva vaprisita vakadini, zvavakanga vaita, zvakadaro vaisagona kuRiona, nokuti vaiva mapofu. Meso avo aigona kunge ari makumi mairi kubva mumakumi mairi, panyama. Asi meso avo epamweya!

³³ Zvimwe chete zvandanga ndichiedza kutaura mangwanani pamusoro pehupombwe hwemadzimai, vachipfeka nenzira yavari kuita zvino. Ivo imhombwe. MuBhuku raMwari vanopomerwa hupombwe nguva yose yavanopfeka hembe dzinokwezva. Munhu wavo wemukati, asingazivi. Ndinotenda kuti iwo madzimai aya, vazhinji vavo, zviuru zvawo, havana

chavanoziva, uye havaimboita hupombwe nenzira ipi hayo. Uye madzimai anonzwisa tsitsi, vaine munhu anovaregedza vakadaro pasina chinovawana, asingazvifumure nekutaura chokwadi, vanoita hupombwe. Zvinova, Bhaibheri rakati, “Mhombwe igere pamvura zhinji, zvokuti madzimambo ese epanyika nevanhu vese vepanyika, machechi nezvakadaro, vakaita hupombwe hwepamweya naye. Uye aiva MAI VEMHOMBWE,” masangano.

³⁴ Tinotarisa Bhaibheri, nokuti Mwari havatisiye tiri murima. Vakaitumira Bhaibheri kuti rifanotiudza zviitiko zvisati zvaitika, uye maitikire chaiwo nenguva yazvaizouya.

³⁵ Zvino, chinhu chakangoita sekutarisa pakarenda kuona kuti izuva ripi. Kana uchifunga, uchiti Mugovera, iSvondo, ichii? Tarisa pakarenda. Karenda rinokuudza kuti izuva ripi. Kana uchiona mazvibatire evanhu, pamwe kuenda kucheche, unoona iwo—iwo . . . unonzwa mabhero achirira, wofunga kuti izuva ripi. Tarisa pakarenda, rinokuudza kuti izuva ripi.

³⁶ Uye apo unoona chechi yave kuita senyika, sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, tarisa chechi yenyika zvose zvichinopinda mukati . . . kunamata “mwari wechizvarwa chino chakaipa,” uye mukuona izvozvo; zvadaro kuona kaboka kadiki kakaungana kunze pasi pekufemera kwaMwari, kachibereka zvakare Hupenyu hwaJesu Kristu, kubudikidza neMagwaro ayo anofanira kuitika, unoziva nguva yauri kurarama mairi.

³⁷ Bhaibheri iRi rinofanotaura, kubudikidza nekuporofita, zuva ratiri kurarama, uye nguva yatiri kurarama, nezviitiko zvinofanira kunge zvichitora nzvimbo. Rinofanozvireva chaizvo sezvazviri kusvika pavara, uye harina kumbopotsa zera rimwe chete, nguva dzose. Hapana nguva imwe chete yaRakambopotsa, uye haRimbodaro, kune avo vakatemerwa kuriona vachariona. Jesu akati, “Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vamudana, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya.” IShoko riri kubatana neShoko. Hapana zvimwe zvarinogona kuita. Tinoriziva, zuva ratiri kurarama mariri.

³⁸ Asi sezvazvaiva muzera rega-rega, vanhu vanorega varume vachiisa dudziro yavo kuShoko rino, zvokonzeresa kuti vapofomadzwe kuchiiitiko chaitika. Zvimwe chete nezvazvakaita nevaFarise nemaSadhuse. Kunyangwe apo Pauro akamira ipapo uye akaedza kutaura Gwaro, uye mumwe murume akamurova kumeso nokuti akashevedza muprisita mukuru kuti rusvingo rwakacheneswa. Uye zvadaro vakapotsa kuona Mwari vachisimbisa Shoko raVo rakaporofitwa.

³⁹ Munooona, Bhaibheri haRizvipikise; Bhaibheri ndiMwari. Hapana kuzvipikisa munaMwari; Iye akakwana.

⁴⁰ Asi vanhu, nedudziro dzavo pachavo! Zvino cherechedzai, regai ndikuratidzei, shamwari. Machechi haagoni

kuwirirana pachezvawo pamusoro pekududzirwa kwaRo. VeMethodisti havagoni kuwirirana neveBaptisti, veBaptisti nevePresbyteriani, vePresbyteriani nemaPentecosti. Uye neangaita makumi mana emasangano ePentecosta akasiyana-siyana, havagoni kuwirirana mumwe nomumwe. Saka munoono, ichange iri Bhabhironi zvakare, zvinodzimaizda.

⁴¹ Asi Mwari vanoita dudziro yaVo Vega yeShoko raVo. Vakavimbisa chinhu ichi, uye zvadarwo vochiita Vega. Anopa, pachaKe, dudziro yacho, nokuti AnoZvizivisa munguva iyoyo. Mu—Mutumbi waKristu wasimukira zvakadzi, kubva kumakumbo kusvika kumusoro!

⁴² Cherechedzai, zvino ndicho chikonzero vanhu ava vachitadza kuzvibata, nokuti vanoteerera kune zvinotaurwa neumwe munhu pamusoro paRo, panzvimbo yekuverenga Shoko sezvavakaudzwa naJesu kuti vaite, “Uye Iwo Ndiwo anondipupurira Ini. Nzverai Magwaro, maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, Iwo ndiWo anondipupurira Ini.” Nemamwe mashoko, teererai, “Chii? Verengai Magwaro muone zvaifanira kuitwa naMhesiya. Muone nguva iyo Mhesiya yaafanirwa kuuya. Tarirai uyo aizofanovisa Mhesiya. Tarirai nguva yacho. Panofanirwa kuva nezwi reuyo anodanidzira murenje, Johane. Uye makaita kwaari chaizvo zvamakaronga. Tarirai zvaNdinofanirwa kuita paNdinouya. Zvino imi maitei? Ndatadza kuita Izvi here?” Munoono, Jesu ari kutaura, “Ndatadza kuita Izvi here?”

⁴³ Cherechedzai, patinodzika nemuMagwaro masikati ano, kuti zvose zvakaporofitwa pamusoro paKe zvakaiteka chaizvo nenzira yazvaifanirwa kuitika nayo. Vaifanira kunge vakaziva chiitiko ichi. “Mupengo uyu, Muchinda wechidiki akura, ane makore angaita makumi matatu nematatu uye... kana kuti makore makumi matatu, uye akadzika zasi uko ndokutaura nezveZviedza zvakasiyana-siyana, neNjiva dzaikwira mudenga. Uye, nhai, zvaingova chi—chinyangadzo.” Ivo vakati, “Akazvarwa nevabereki vehupombwe, Iye achitaura kuti akabarwa nemhandara.”

⁴⁴ Havaifanirwa kuziva here kuti Isaya akati, munaIsaya 9:6, “Tazvarirwa Mwana”? Havaifanirwa kuzivawo here kuti murorofita Isaya akati, “Mhandara ichava nemimba”? Vaifanirwa kunge vakaziva zvinhu izvi. Asi, munoono, chinhu chacho chaiva chokuti, vaizviisa kumwe kumberi-mberi. Uye Murume uyu, kwavari, aisakwana pane zvaidiwa. Asi Akavabvunza, “Nzverai Magwaro, nokuti munofunga kuti maAri imi mune Hupenyu Husingaperi, uye Iwo Ndiwo Chinhu chaicho chiri kupupurira kuMharidzo yaNgu.” Kwete zvakataurwa nemumwe mudzidzi webhaibheri; asi izvo Mwari, Shoko raKe Iye, raakataura kuti zvaizoitika! Amen!

⁴⁵ Ndizvo zvazviri zvino! Nzverai Magwaro, nokuti Iwo Ndiwo anotiudza nguva yatiri kurarama mairi, kutiudza chaizvo zvichaitika muzuva rino. Iwo Ndiwo aunofanira kuzembera paari, nokuti Iwo Ndiwo anopupurira nezveMunhu waJesu Kristu. Nokuti Bhaibheri rakataura, kuti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” nokuti iYe chizaruro cheShoko muchizvarwa. Hazvighoni kusiyana.

⁴⁶ Nokudaro mukuteerera dudziro yemunhu, vanoona kusimbiswa kweShoko raMwari kuchizadziswa, vanotadza kuZviona. Nokuti, zviri kuenda mberi nguva dzose, asi nokuti vanoteerera... Uye Jesu akati, “Vatungamiriri mapofu.” Uye bofu rikatungamirira rimwe bofu, chii chinotika kwavari? Zvino rangarirai, Bhaibheri rakafanotaura kuti rino Zera rehuvhangeri reRaodhikia raiva bofu. VakaMuisa kunze kwecheki. Hakuna rimwe zera, rimwe zera rechechi, iro Jesu aiva kunze. Asi Zera reChechi yeRaodhikia, Iye aiva ari kunze, achiedza kudzoka mukati, “Ndimire pamukova ndichigogodza.” Anofanirwa kunge ari mukati. Asi Iye akati, “Nokuti unoti, ‘Ndiri mupfumi, pfuma yakawedzerwa, handishaiwi,’ uye usingazive, usingazive kuti uri bofu, riri kutungamirira bofu, murombo pamweya, anotambudzika, wakasuwa, usina kusimira, uye usingazvizi.” Chakadii ichi chi-... Dai murume aiva akashama panzira, akasuwa, ari bofu, uye uchiziva kuti ane pfungwa dzakakwana zvekuti waikwanisa kumuudza kuti haana kupfeka, aiedza kuita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Asi paanzunguza musoro wake, oti, “HandiZvide. Ndiwe ani unondiudza zvekuita? Ndinoziva pandimire.” Zvino, kana chisiri chinhanu chinopisa tsitsi, handizive. Uye ndizvo chaizvo zvakataurwa naMwari weBhaibheri iri kuti chechi ichange iri, muzera rino rakaiya izvezvi, muzera rekupedzisira ratiri kurarama.

⁴⁷ Cherechedzai, asi kuvanhu, “Vose vaNdinoda, Ndinovaranga.” Zvino, kana ukarangwa naShe, pane zvauro kuita, buda mazviri zvarado! Iba pazviri. “Vose vaNdinoda, Ndinovaranga.”

⁴⁸ Zvino, tichiona Mwari, zvino, ko kana vaFarise dai vakati, “Mirai kweminiti. Murume Uyu atipikisa zvakasimba, Ati, ‘Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi; AnoNdipupurira.’ Zviri nane nditarire kumashure muMagwaro uye ndiwane zvaAri kufanirwa kuita, Iye Ndiye ani, chii chinofanirwa kutora nzvimbo. Ndinofanira kutarisa kumashure nditsvake?” Panzvimbo pazvo, vakaenda kuvaprisita ndokuvabvunza, “Chii chaZvo?” Munoono musiyano? Vaifanira kunge vachiverenga Shoko.

⁴⁹ MunaVaHebheru 1:1, Bhaibheri rinoti, “Mwari, munguva dzakare,” dzinova, “nguva dzakare uye mumitowo mizhinji akanyora Bhaibheri kubudikidza nevaporofofiti.” Zvino cherechedzai, Iye akanyora Bhaibheri kubudikidza nenzira

Yake yaAkasarudza. Maona? Zvino, Haaifanira kuZvinyora nenzira iyoyo, uye haAifanira kuponesa munhu neRopa. Haaisafanira kuti aparidze Vhangeri nemunhu; Aikwanisa kurega zuva kana mwedzi kana nyeredzi zviparidze Vhangeri, aikwanisa kuti mhengo dzihon'ere Vhangeri. Asi Akasarudza munhu! Uye Akasarudza nzira yemauiyire aiita Shoko raKe, uye yaiva kubudikidza nevaporofita vake vainge vakatemerwa uye vakafanogadzwa, vari chikamu cheShoko raMwari, vachizivisa chizaruro cheShoko raKe kuzera iroro nenguva iyoyo. “Nokuti Shoko raMwari rakauya kuvaporofita bedzi.” Harimbobvira rakauya kumudzidzi webhaibheri. Ndiratidzei Gwaro racho. Rinouya kuvaporofita chete. Mwari haagoni kunyepa. Saka Mwari akanyora Bhaibheri nenzira yaAkasarudza, uye nevaporofita Vake vaAkasarudza; kwete vaporofita vakasarudzwa nevanhu, asi vaporofita vakanga vasarudzwa naMwari.

⁵⁰ Zvadaro vatendi vaRo vanotarisisira kuzadzikiswa kwezvakataurwa nemuporofita wavo, uye iwoyo mucherechedzo wekuti vaporofita vaMwari. Nokuti, chekutanga, vanofemerwa. Chinotevera, vanogara zvakanangana neShoko renguva. Zvino ndiyo micherechedzo yake. Munoono, takapinda nemazviri Svondo yapfuura. Vaporofita vazhinji venhema vachasimuka. Uye tinopa miyenzaniso yokuti Balaam naMosesi, vose vari vaviri vakazodzwa neMweya mumwe chete, mumwe wavo akati, “Tose tiri vamwe chete. Regai tiuye tibatane, tiise vasikana vedu nezvose pamwe chete. Tine vasikana vakanaka kuno, uye imi vakomana huyai kuno muzvitorere mudzimai akanaka. Izvo zvose zvakanaka, tiri vanhu vamwe chete, zvakangodaro, rudzi rumwe chete.” Mwari haana kumbobvira akavaregerera nokuda kwazvo. Vakateerera izvozvo.

⁵¹ Onai, nyika uye va—vanhu vari kutarisira kagwanza kadiki, kamwe kekunyenyeredza, kamwe kekudamburira, asi hapana kudamburira muShoko raMwari. Pane Patani imwe chete. Unofanira kuzvichekerera kuti ukwane muPatani iyoyo, kwete kuedza kucheka Patani kuti ikukwane. Munhu wese anofanira kudaro. Ndiyo yega nzira Mwari yavainayo yekuzviita.

⁵² Cherechedzai zvino, vatendi vanomirira kuti Shoko risimbiswe. Munoono, haRina kunyorwa nemunhu, asi naIshe Mwari, nokudaro haRisi bhuku remunhu.

⁵³ Mumwe munhu akati, “Zvingori zvinyorwa zvakare zvechiHebheru.” Ko vaHebheru vaigonyora tsamba inovapomera here? Ko nyika yakanaka yemaJudha, yakazvikwenenzvera nekuzvinatsiridza, vaigonyora zvakaipa zvavo here, kana kuzvipomera? Asika kwete. Kutaura zvezvivi zvake iye here, mapindire avo mukunamata zvifananidzo, kuita hupombwe kwavakaita zvichipesana neShoko raMwari? Kwete, kwete. Havaimbotaura izvozvo, iya nyika inozvikudza.

⁵⁴ Harisi bhuku remunhu. IBhuku raMwari. Uye munhu anoona zviratidzo kana kunzwa Inzwi raMwari, haana kumborinzwisisa (nguva zhinji) pachavo, munguva zhinji. Munoono? Munhu haana kunyora Bhaibheri. Mwari ndivo vakanyora Bhaibheri. Harisi. . . Harisi bhuku remunhu. IBhuku raMwari. Ipfungwa dzaMwari dzakaratiidzwa nemumiromo yemunhu. Ndizvo zvinoRiita Bhaibheri. Pfungwa inoratiidzwa iShoko. Uye pakutanga kwaiva neKufunga kwaMwari, Iye akaKutaura kubudikidza nemiromo yevaporofita vaKe uye ndokuKusimbisa nevaranda vaKe. Maona? Cherechedzai.

⁵⁵ Mwari anoita sarudzo yaKe Amene, kubudikidza nekufanotemera, akasarudza vaporofita vezera rimwe nerimwe. Zvicherechedzei. Anogadzira hunhu wemuporofita iyeye kuti huenderane nezera iroro. Munoono, Anogadzira mazvibatiro ake, chero zvaanoita. Anomugadzira chero akafunda kana asina kufunda. Anogadzira zvipo zvake, nzira yaachaparidza nayo, zvipo zvaachava nazvo. Uye Mharidzo yezera iroro chairo, Mwari akafanotemera kuti chinhu ichocho chiitike uye hapana chimwe chinhu chinokwanisa kutora nzvimbo yacho. Handina hanyin'a kuti chii, zvingani zvakabudirira zvakagadzirwa nevanhu, hapana chinogona kutora nzvimbo yacho. Akafanotemera munhu wacho, pamwe munhu asingatombozive. Anokwanisa kunge akamutemera imwe mhando yemunhu. Chero zvaari, Anomupa mhando yake, chipo cha—chake, anomupa hunhu hwake, maitiro ake, uye chero zvazviri, matauriro aanoita, uye chero zvaanoita. Anoita kuti munhu wenguva kuti abate vanhu venguva iyoyo. Ndizvozvo. Iye anodaro.

⁵⁶ Pakuguma kwezera rimwe nerimwe, apo chechi inenge yatarira kunyika nechivi, uye ichizembera padudziro yemunhu yeShoko raMwari. Senguva dzapfuura, vakagara, pakuguma kwezera, vakapinda mukukanganisika nevadzidzi vavo vebhaibheri nevaprisita kusvikira zvinogara zviri kukanganisa. Dudziro yavo inogara isiriyo, hapana nguva imwe chete yazvakambotadza kukundika. Uye hapana nguva imwe chete apo Shoko raMwari rakambokundika kuva mazvirokwazvo. Ndiwo musiyano.

⁵⁷ Zvino munoono, Mwari akanyora Bhaibheri, pachaKe. Zvino, Mwari anogona kutaura. Mosesi akati Iye akataura naye. Jeremia akati, “Akaisa Mashoko mumuromo wangu.” Uye Mwari vanogona kunyora. Akanyora mitemo ine gumi nemunwe waKe Amene. Akanyora pamadziro eBhabhironi. Uye, rangarirai, muTestamende yeKare bedzi, nguva dzinoita zviuru zviviri vaporofita vakati, “ZVANZI NAJEHOVHA!” Mwari anogona kutaura, Mwari anogona kunyora. Zvirokwazvo. Zvikamu zvingada kusvika makumi mapfumbamwe kubva muzana zvaMateu, Mariko, Ruka, naJohane, ndiwo Mashoko chaiwo aMwari pachaKe, Jesu Kristu achitaura. Saka, kana

Mwari achigona kunyora, kana Mwari achigona kuverenga, kana Mwari achigona kutaura, haAgoni here kukonzera vamwe kuti vaite zvimwe chete? Haana here kuti kunaMosesi, “Ndiani anoita munhu ave chimumumu kana uyo anomupa kukwanisa kutaura?” Mari akanyora Bhaibheri nevaporofofita, nzira yaKe yekuzviita.

⁵⁸ Zvino nguva dzose apo chechi inozvipiringisha (uye Mwari Akafanoziva kuti vaizodaro, nokuti Akafanoziva zvinhu zvose), naizvozvo Ane mumwe muporofofita waKe akagadzirirwa zera iroro, kudana kusarudza kwaKe kubudikidza neShoko raKe rakasimbiswa remashura nezviratidzo, uye kusimbiswa kweShoko raKe, “kusimbisa Shoko nezviratidzo zvichitevera,” sekuvimbisa kwaAkaita. Anopa dudziro yechokwadi mushure mekunge muporofofita pachezvake asimbiswa.

⁵⁹ Vose kunze kweavo, vasanangurwa vaakatimirwa kwavari, vanomuvenga. Zvino, nzverai nguva dzose muone kana zviri izvo kana kwete. Avo vaakatimirwa kwavari bedzi! “Akauya kune vaKe Iye, uye vaKe Iye havana kuMugamuchira. Asi kune avo vakaMugamuchira, kwavari Iye akavapa simba rekuva vanakomana vaMwari.” Cherechedzai, kwete...kuongororwa kwese kweShoko, nguva dzose, uye pamagumo ezera rega-rega kana panhongonya kana mharadzano, sezvo ndakaparidza pamusoro pazvo kakawanda.

⁶⁰ Tarisai pazera raNowa, panhongonya kutongwa kusati kwasvika. Chii chakaitika? Nowa, imhuri yake chete yakatenda murume uyu. Vamwe vose vakamutsoropodza. Uye ndokuparadza nyika yose.

⁶¹ Mumazuva aAbrahama, boka raAbrahama chete ndiro rakatenda. Ngirozi padzakaenda uye dzikanoparidza kuSodhoma, Roti chete nemudzimai wake nevanasikana vaviri vakabuda, uye mudzimai ndokucheuka akaita churu chemunyu.

⁶² Mumazuva aMosesi, vakasanangurwa bedzi veIsraeri ndivo vakabuda. Uye Farao akamuvenga.

⁶³ Mumazuva aEriya, zvinhu zvose (potse) kusara kwevarume zviuru zvinomwe, mumwe nemumwe wavo vaimuvenga, nyika yose.

⁶⁴ Mumazuva aJeremia, sei, vakamutema nemichero isina kuibva, vakamushevedza kuti mupengo, nokuti akarara nerutivi rwake kwemazuva akawanda, uye nerumwe rutivi, uye—uye akatora zvinhu ndokuita mifananidzo. Vakamuvenga.

⁶⁵ Muporofofita Isaya, akapomera rudzi iroro zvakananyanya kusvikira vakamucheka muzvidimbu zviviri nesaha. Ndizvozvo.

⁶⁶ Johane muBhabhatidzi. “Aiva munhu wemasango zasi uko, rimwe benzi raidanidzira.”

Vese kusara—kusara kwevadzidzi vaye vaakapira kunaJesu Kristu sechechi! Hezvo zviri pano. Johane akagadzirira vanhu.

Vangani vaaiva navo? Unokwanisa kuvaverenga paminwe miviri... maoko maviri, minwe yako, huwandu hwevakapirwa naJohane kunaJesu paAkauya. Zvino, ko pakuUya kwaKe kwepiri? Zvifungei.

⁶⁷ Asi apo Vatendi vechokwadi veBhaibheri pavanoona Shoko rezera richinyatsosimbiswa pachena, vanotenda. Hapana nzira yekuvabvisa paRiri, Ritende. Vanosimbisa kupupura kwavo neropa ravo. VanoRitenda. Izvo zvadaro zviri kwavari, vakafanotemerwa, kuitira kuzera iroro rinoona nekutenda.

⁶⁸ Vamwe havangogoni kuRiona; vakapofomadzwa. Zvino, iwe unoti, "Havagoni kuRiona." Zvino, saBharami, sei Bharami aisakwanisa kuRiona? Aiva muporofita, akazodzwa. Sei Farao asina kukwanisa kuRiona? Paakaona ruoko rwaMwari ruchidzika nekuita minana imomo, zvakangoomesa moyo wake. Ndizvo here? Sei Dhatani asina kukwanisa kuRiona, muJudha pachake? Kunze uko chaiko, akauya nemuDead Sea, nekudya mana usiku hwega-hwega, yaidonha iri itsva, uye zvakadaro asingakwanise kuRiona. Sei Kora asina kuRiona? Sei Kayafasi asina kuRiona? Ndiye aiva munhu wepamusorosoro pane zvekunamata pasi rose panguva iyoyo. Sei asina kuona kuti aiva Mhesiya? Sei Judhasi asina kuRiona? Judhasi aitova navo chaizvo, achifamba navo, achiita minana navo. Asi Shoko raifanira kuti rizadzikiswe. Bhaibheri rinoti vakasimudzwa kuti vagatora nzvimbo iyoyo. Vakasimudzirwa chinangwa ichocho. Ichokwadi. VaRoma 8 inotaura kudaro.

⁶⁹ Zvino vatendi vanogona kuona Shoko rinoitwa nyama muchizvarwa chavo, Mwari achitaura. Zvino, ivo vatendi chaivo vechokwadi, ivo zviuru zvinomwe (kana kuti vaiva here mazana manomwe?) mumazuva aEriya. Zviuru zvinomwe ndizvo chaizvo. Mumazuva aEria, paiva nevanhu zviuru zvinomwe pakati pemamiriyoni angaita maviri kana matatu, vaiona kuti Raiva rechokwadi. Hachitombori chikamu chimwe kubva muzana zvacho chevanhu, vashomesa. Asi vakaona kuti Raiva dzvene. Vakaona Mwari achiratidzwa. Iya shirikadzi Erisha akatumirwa kwairi, akaenda kunotoro zvimiti zviya, kuti agadzire keke, uye zvaingokwana kuti agadzire keke rake nemwanakomana wake, zvadaro vofa. Asi tarirai Eria, akati, "Ndigadzirirei rimwe, kutanga. Nokuti, ZVANZI NAJEHOVAH, dende haringaperi uye chinu hachingapwi kusvikira zuva iro Ishe Mwari raachanaisa mvura panyika." Hapana mubvunzo, akasimuka chiriporipotyo kunogadzira keke nekuripa kwaari. Akati, "Gadzira rangu kutanga, uye zvadaro woenda wonogadzira rimwe rako nemwanakomana wako." Nokuti, mudzimai akanzwa murume iyeye, ndokumutarisa; aiva mbeu yakafanotemerwa.

⁷⁰ Vazhinji vavo vanoti, "Heunoi uyo mupengo achembera zvakare. Mwari atituka nokuda kwake," rangarirai, Eriya. Akati, "Ndiwe uri kutambudza Israeri."

71 Akati, “Ndiwe watambudza Israeri.” Munoona uyo Mwari . . . Ishoko raAni Iye raaisimbisa? Shoko raKe Iye.

72 Zvino Bhaibheri rinoti vakasimudzirwa chinangwa ichi, asi apo . . . uyo—uyo asingatendi. Asi zvino kana mutendi wechokwadi akakwanisa kuona Shoko renguva iyoyo raitwa nyama, Mwari achitaura kubudikidza nemiromo yevanhu uye zvadaro achiita chaizvo zvaAkati Aizoita, zvatozvipedza!

73 Zvino tarirai zvimwe zvese. Musatarira zviratidzo. Mukatarisa zviratidzo, munonyengerwa zvechokwadi senyika. Vaporofita venhema vachasimuka uye voratidza zviratidzo nemashura izvo zvichanyengerwa vasanangurwa dai zvaikwanisika. Tarisai Shoko. Tarirai vaprisita vava, vaporofita ava, muporofita wechiHebheru amire apo. Zedhekia nenyanja mbiri huru, uye achiti, “Ndiri muporofita akagadzwa naMwari.” Ichokwadi. “Ndine mazana matatu nemakumi mapfumbamwe nemapfumbamwe neni pano, neMweya Mutsvene uri pamusoro pedu, uchisimbisa kuti nyika ndeyedu. Regai tiende kumusoro uye tinoitora. Uye nenyanja idzi, Ahabhu, uchadzanga muvengi kubva paivhu redu, nokuti Mwari vakatipa nyika iyi.”

74 Tarisai munhu wezvinamoto, murume akanaka, Jehoshafati, akati, “Hauna mumwe zvakare here?”

75 “Mumwe zvakare? Pane mazana mana vari kuwirirana!” Iye akati, “Hongu, aripo mumwe muno, asi ndakamuvenga.” Akati, “Iye anogara achitituka nekutiudza kuti tiri vatadzi zvikuru sei, nezvose.” Ndokuti, “Ndakamuvenga! Iye, ndiMikaya, mwanakomana waImra.”

76 Akati, “Oh, mambo ngavarege kudaro. Endai munomutora uye regai tinzwe zvaataura.”

77 Saka vakamuunza zasi ikoko. Akati, “Ndipei usiku huno uye ndichaona kuti Mwari anoti kudini pamusoro pazvo?”

78 Ahabhu ndokuti, “Ndinokuraira, usandiudza chinhu asi chokwadi.”

79 Zvino murume ndokuuya, akati, “Zvino, kana uchida kudzoka zvakare mukuyanana kwakanaka, chingotaura sevamwe vese.”

Mikaya akati, “Ndichangotaura zvinongotaurwa naMwari.” Maona?

80 Mangwanani aitevera, vakabuda. Madzimambo akapfeka hanzu dzavo, ndokugara pagedhe, vese vane mbiri. Muporofita amirepo. Akati, “Zvino, mupengo, unoti kudini pamusoro pazvo?”

81 Akati, “Endererai mberi kumusoro.” Ndokuti, “Asi ndaona Israeri yakapararira sehwei dzisina mufudzi.”

82 Iye akamu- . . . akatora ruoko rwake ndokumukwachamura pamuromo. Muporofita akakwachamura muporofita pamuromo.

Zvino, vose vaya vaporofita vaviri vakazodzwa vamirepo, vakaporofita, mazana mana achipesana nemumwe chete, zvinotaridzika kuti simbei. Zvino, muhuwandu hwemazano pane dzimwe nguva hamugare makachengeteka. Zvinoenderana neuko kwavari...zvavari kupanga mazano, zviru zano ravo. Panga pasina chengetedzo yamambo ipapo, uye iye akatora zano reruzhinji kuva rakanaka. Asi dai akangomira uye ovhura zvakanjorwa uye otarisa zvanga zvichangotaurwa naEriya.

⁸³ Zvadaro, Mikaya aisakwanisa kutaura chinhu, aisaziva, apo pamwe Mwari aizomuregerera nokuda kwazvo. Asi chekutanga, semuporofita, akaenda kunaMwari kunonzwa izvo Mwari vakataura. Uye akawana zvakataurwa naMwari. Akati, “Ndaona Mwari vagere pachigaro, uye Iye ati...aine makurukota aKe eKudenga ese akaungana akaMutenderera, zvikanzi, ‘Ndiani waTinogona kuwana kunodzika zasi uye akonzereze Ahabhu kuti abude kunze kuno, kuti Tikwanise zvimwe kuzadzikisa chiporofita chakaitwa pamusoro pake?’”

⁸⁴ Onai, chiporofita, Eriya anga atotaura kuti, “Imbwa dzichanzva ropa rako.”

⁸⁵ Uye akati iye “akaona meya wekunyepa uchikwira kubva zasi, ukauya kumusoro, ukakwira kumusoro mberi kwaKe, ukati, ‘Ndichaenda zasi ndopinda muvaporofita vake, vaporofita vaAhabhu, ndovakonzeresa kuti vaporofite nhema.’”

⁸⁶ Zvino, Mwari vaiziva kuti varume ivavo vainge vakazvitutumadza uye vakazara nedzidzo yeBhaibheri kusvikira vaifunga kuti vane zvose zvakanaka. Havana kumbobvira vacherechedza Shoko renguva. Saka Mwari akati, “Uchabudirira; enda mberi udzike.” Uye Mikaya paakadaro, zvakaite kuti vaporofite pasi pemweya wakaipa. Vaigona kunge vakadzupura tambo yefoni, kana kudzima redhiyo, kana kuita chimwe chinhu; vakaRinzwa richichiuya richipesana navo, vakasimuka ndokuenda panze. Asi tarirai zvakaiteka. Zvino, Mikaya aifanira kuenzanisa chiratidzo chake neShoko rakanyorwa, naizvozvo akaziva.

⁸⁷ Akati, “Pandinouya...Isai munhu uyo mujeri, mupei mvura yemarwadzo nechingwa chemarwadzo. Kana ndadzoka, ndichashanda naye.”

⁸⁸ Iye akati, “Kana matodzoka kwazvo, Mwari havana kumbotaura neni.” Ndipo paanziva kuti chiratidzo chinoenderana zvachose neShoko rega-rega renguva iyoyo. Yakanga iri nguva yaAhabhu.

⁸⁹ Hama, hanzvadzi, ino ndiyo awa nenguva yekudanwa kubuda muBhabhironi. Zviedza zvamadekwana zviru pano. Fambai muChiedza kuchakachena. Cherechedzai, vatendi vakaona Shoko richiratidzwa ndokuRitenda. Jesu akati, “Makwai aNgu anoziva Izwi raNgu, Shoko raNgu, zviratidzo zvaNgu zvezera. Renhema havateveri.”

⁹⁰ Zvino ngatiendei kunyaya yedu, nekuti ndinoona kuti ndiri kuzobva kwairi. Ndiri kuda kukohomedza pamutsara uya wekunamatira zvakananyanya. Ngatidzokei panyaya yedu zvino yatiinayo, pano kweminiti. Zvakanaka, zvichaitika sezvazvaiita, semagariro.

⁹¹ Mwari akatuma muporofita waKe, Johane, sezvakanga zvataurwa neShoko raKe, akavimbiswa munaMaraki 3, “Tarirai, Ndinotumira mutumwa waNgu mberi kwechiso changu, kunogadzirira nzira.” Johane akapupura chinhu chimwe chetecho. Uye tinoonawo zvekare, munaIsaya 40:3, kuti Isaya akati, “Pachava nenzwi remuporofita, mumwe anodanidzira murenje, ‘Gadzirirai nzira yaJehovha.’” Maona? Zviporofita zvose izvozvo! Uye—uye tarisai, cherechedzai nokukurumidza, Gwaro rakamuzivisa.

Paya pavakati, “Iwe ndiwe ani? Ndiwe here Mhesiya?”

Iye akati, “Handisi.”

“Uri Jeremia here? Vaporofita, kana mumwe wavo?”

⁹² Iye akati, “Handisi. Asi ndiri izwi reuyo anodanidzira murenje, sezvakataura muporofita Isaya.”

⁹³ Munofunga kuti vaizvitenda izvozvo? Kwete, changamire. Sei? Haana kuuya kubudikidza nechechi yavo. Anga asiri weyavo... Munoono, akaenda murenje aine makore mapfumbamwe, akabuda ava nemakumi matatu. Mharidzo yake yakanga yakakurisa kuti ipinde nemuchikoro chebhaibheri; ndiye aifanira kuzivisa uyu—uyu Mhesiya. Uye munhu wese anenge achimudhonzera *uku nekoko*. Zvino Mwari vakamutumira kurenje, shure kwerufu rwababa vake, Zekaria. Uye aiva muprisita, asi haana kumbotevera nzira yababa vake.

⁹⁴ Nokuti, vaporofita havauyi vachibuda mune zvinhu zvakaita saizvozvo. Vanobva munyika yakakwasharara, renje. Hapana munhu anoziva kwavanobva, kana kuti vanosimuka sei panzvimbo, kana nhoroondo ipi zvayo yavo. Vanongobuda voparidza Shoko, uye Mwari obva avatora kubvapo, uye vanobva vaenda; vopomera chizvarwa ichocho, uye vofambira mberi muShoko raKe, vakamirira zuva guru.

⁹⁵ Chechi haina kumutenda, nekuti akanga asingazivikanwi kwavari. Vakanga vasina nhoroondo yekugadzwa kwake pamabhuku avo, saka nokudaro vakamuramba. Maona, havana kutenda Shoko raMwari rakasimbiswa, pachena, ruvara neruvara. Maona? Maraki 3, Magwaro maviri anomusimbisa, Maraki 3 naIsaya 40:3. Munoono, ose Magwaro maviri aya aitaura nezvemunhu aiuya, achigadzirira nzira yaShe. Akakwana mune zvakarehwa zvose.

⁹⁶ Aizova muporofita. “Ndichatumira kwamuri Erisha.” Zvino hepanoi uyu, nenzira yakakwasharara. Tarirai kuti hunhu hwake hwaipindirana sei nehwaEria. Eria waiva munhu

wemurenje, ndozvaivawo Johane; vekunze. Aisava munhu akapfava, aiva murume akakwasharara.

⁹⁷ Cherechedzai zvakare, Eria aiva muvengi wemadzimai, akaudza Jezebheri pamusoro pependi dzake dzose, uye pekukwira nekudzika napo. Ndizvo zvaiva Johane zvakare. Jezebheri akaedza kuuraya Eria, akapika nevamwari vake kuti aizomubvisa musoro. Ndizvo zvakaita Herodhia. Maona?

⁹⁸ Nguva dzose tarisai mharidzo yavo, tarisai zvavakaita. Zvino tinoona kuti dai vakatarisa kumashure uye vachiona zvakataurwa neBhaibheri, uye voona hunhu hwemurume wacho uye kuti aiva munguva yakananga chaizvo neMagwaro nezvose, vaifanira kuziva kuti ndiye. Vangaita vatanhatu vakazviziva. Ndizvozvo. Havapfuuri vatanhatu vakazvicherechedza. Vakaenda kunomunzwa, asi havana kuZvitenda. Maona? Sei? Havana kutenda kuziviswa kwechiporofita munguva yavo.

⁹⁹ Cherechedzai, vakamuseka, vamwe vakamuti “mupengo anoita ruzha, wemusango, asina kudzidza asina kuenda kuchikoro, ‘rova, handizvo, nyamura, takura, tora,’ zvakadaro.” Semagariro vanomuyera nedzidzo yake. Vanomuyera nematauro ake, nemapfekero ake. Aiva nekachidimbu kedehwe rehwei kaakamoneredza, nebhanire rekehwe rengamera, aiva azere mvere. Achifamba kunze mumvura; kusina chechi, kusina bhenji, kusina mushandirapamwe; vaisakwanisa kugamuchira izvozvo; vainamata mwari wenyika. Maona?

¹⁰⁰ Handirevi kuti zvino hakuna vaporofita venhema vanobuda, saJambre naJane. Asi nzira yaunoda kuita nayo, kuenzanisa mharidzo yepakutanga neShoko, ipapo wazviwana; izera ripi razviri, uye chii chakaporofitirwa zera iroro.

¹⁰¹ Zvadaro chiporofita chaJohane chakasimbiswa muhurongwa hwaMwari pachaKe. Tarirai kukwana kwavakaita. Bhaibheri rakati, “Shoko raMwari rinouya kumuporofita.” Zvino Jesu aiva Shoko. Uye Johane aiporofita nezvekuuya kweShoko kuitira kuzadzikiswa; uye Jesu, Shoko, akauya kumuporofita, mumvura. O, zvakanaka sei! Kusakundika kwakadini... Maona? Shoko raiva chinhu chisionekwi muzuva iroro. Hepanoi pauya muporofita, achiti, “Ndiri inzwi reShoko.”

Vakati, “Chii chatinofanira kuita?”

¹⁰² Akati, “Handina kukodzera kusunungura shangu dzake. Asi pane Mumwe amire pakati penyu, pane imwe nzvimbo, Iye achava Uyo achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene neMoto. Rusero rwaKe rwuri muruoko rwaKe, uye Uchanatsa buriro raKe kwazvo, uye nekupisa hundi nemoto usingadzimwi, nekuendesha zviyo kudura.” O, muporofita akadini! Jesu akati hakuna murume akaberekwa nomudzimai mukuru kupfuura iye, kusvika pazuva iroro. Oh, zvakakasharara sei!

Ainyatsoziva paaive akamira! Aiziva chaizvo izvo. Akanzwa kubva kunaMwari, uye zvaiva zviriizvo chaizvo neShoko, saka haana kuita hanyin'a nezvaitaurwa nevanhu. AkaRiparidza uye akaRiporofita, zvisinei. Uye tarirai, kana munhu akamira nezviri Chokwadi, zvararo Mwari anosungirwa kusimbisira munhu iyeye Chokwadi.

¹⁰³ Mosesi paakauya zasi uko muEgipita, zvino akati, “Ndanga ndiri murenje uko, uye ndikaona muti waibvira, uye waisatsva. Ndakaenda kumuti iwoyo, zvino, pandakadaro, paiva neShongwe yeMoto huru yakaremba imomo. Uye Izwi rakati, ‘NDIRI WANDIRI.’ Uye Akandiudza kuti nditore chimuti ichi ndiuye zasi kuno zvino ndiite zvishamiso izvi, uye Mwari achasimbisa Shoko raKe.” Akatambanudza tsvimbo yake, hekuno kwouya nhata nenhunzi, nerima nezvimwe zvakadaro. Uyezve kusimbisa muporofita iyeye, Akanyatsodzoka nevatendi vava kugomo, uye Mwari akadzika muShongwe imwe chete yeMoto, pagomo rimwe chetero, ndokusimbisa kuti zviya zvaiva izvo.

Zvino honai zvaAita muzuva rino. Chaizvoizvo.

¹⁰⁴ Zvino, Shoko rakauya kumuporofita uye rikamusimbisa kuva munhu wechokwadi, munhu chaiye uyo Magwaro akataura kuti aizova. Nekukurumidza zvino. Asi, zvakare, Jesu akauya muchinhano chakasiyana nedudziro yavo yevanhu kuchiporofita. Munhu akanga adudzira zvazvaizova. Zvirokwazvo. MaPresbyteriani vanofunga kuti zvinofanira kuva ivo. Tarirai apo Mwari anoita chero chinhu, tarisai mamwe masangano ese anosimuka nemumwe. Yeah, zvagara zvakadaro. VanaJambure naJane kwese-kwese. Cherechedzai, vakataura chikamu cheShoko. Asi, maererano neShoko remuporofita, Vara rose!

¹⁰⁵ Vakazvipotsa zvakare, senguva dzese, vakamushevedza kuti muvuki, “dhiabhorosi; Bheerzebhuri,” vakati Iye Akazviita Mwari, apo vaifanira kuziva, kubudikidza neBhaibheri ravo chairo, kuti Aiva Mwari.

Cherechedzai, Akaporofitwa naIsaya, Isaya9:6, yakati, “Zita raKe richanzi Mwari Samasimba, Baba Vekusingaperi.” Hakuchazombova nevanababa mushure maizvozvo, nekuti Iye aiva Baba vekutanga pamavambo, Ndiye Baba voga; akati, “Musadana chero munhu wapanyika kuti, ‘Baba,’ kunyange, mushure mazvo.” “Iye ndi—ndiYe Mwari Samasimba, naBaba Vekusingaperi, Gweta, Muchinda weRugare.” Zvirokwazvo.

¹⁰⁶ Zvino, vakaita kwaAri izvo vaporofita vese vakareva kuti vaizoita, sezvavari kungoita muChizvarwa chino chaicho cheRaodhikia, kuMubuditsa muचेची. “Bofu, kusasimira, uye vasingazivi.” Sezvakangotaurwa nemuporofita, muporofita weBhaibheri. Kupofomadzwa netsika dzevanhu,

vakaMubuditsa kunze, Shoko kubuda mumachechi avo, senguva dzose, sezvakaporofitwa pamusoro pavo.

¹⁰⁷ Cherechedzai zvino, nekukurumidza zvino. Musapotse izvi zvino. Hepano pane chitaurwa, kuti Jesu akaZvzivisa sei kuvadzidzi ava vairi kuti Aiva Mhesiya wavo! Zvino, maziso ese kuno. Uye kunze munyika, musapotse izvi zvino. Taedza kukuudzai kuti Bhaibheri iShoko raMwari, rakanyorwa naMwari pachaKe, kubudikidza nemiromo uye mudziyo wemunhu. Mwari anogona kunyora, pachaKe. Mwari anogona kutaura, pachaKe. Mwari anogona kuita zvaAnoda, asi Akasarudza munhu kuti aziite nokuti munhu akaRinyora chikamu chaMwari. Saka, Mwari akanyora Bhaibheri. Varume vacho vaisatomboziva zvavainyora, mumafungire avo sevanhu. Vanokwanisa kusawirirana naRo, asi vakaRinyora. Vaisagona. Bhaibheri rakati, “Varume vakare, sezvavaifambiswa neMweya Mutsvene!” Mwari aifambisa maoko avo, aifambisa maziso avo muzviratidzo. Hapana chavaigona kutaura kunze kwezvavainge vakatarisa. Hapana chavaigona kutaura, nokuti Aiva nekutonga kuzere kwerurimi, munwe, nhengo yose yemuviri yaifambirana zvizere naMwari. Hazvishamisi Bhaibheri rakati vaive vanamwari, vaiva chikamu chaMwari! Aiva huzaro hwaMwari.

¹⁰⁸ Cherechedzai kuti Jesu, Shoko, akaita sei kuti vadzidzi vairi vaye vakaodzwa mwoyo vazive kuti Aiva Mhesiya wavo, Mhesiya, Shoko rakavimbiswa. Cherechedzai zvaAkaita, Akadzokera kuchiporofita. Cherechedzai, “Mapenzi, munononoka kutenda zvese zvakanorwa nevaporofoita.” Zvino, Haana kumbobvira ati, “Zvakanaka, chii, chechi inoti chii pamusoro pazvo?”

¹⁰⁹ VanoMupira nyaya yacho. Vaiziva zviitiko zvose zvakaaitika. Vakanga vakasuwa vese. Vakatanga kuMuudza, “Ungori mutsva muno here, kana kuti haUzivi zvakaaitika muJerusarema?”

¹¹⁰ Iye akati, “Zvinhu zvipi?” sekunge Aisaziva. Munoona, Anoita zvinhu dzimwe nguva kungoona zvamunoita pamusoro pazvo. Maona? Akati, “Zvinhu zvipi? Aiva ani? Chii chakaaitika?”

¹¹¹ “Ungori mutsva here?” Uye vachitaura kuMurume wacho chaiye wavakanga vagara naye kwemakore matatu nechidimbu, uye havana kuMuziva.

“Zvinhu zvipi? Zvii zvakaaitika?”

¹¹² “Zvakanaka,” vakati, “Jesu weNazareta, aiva Muporofoita. Hapana kupokana mupfungwa dzedu. Aiva akasimba muShoko nezviito pamberi pevanhu vese. Takamuona Achiita zvinhu zvaiMuzivisa kuti Muporofoita waMwari wezera rino. Tinozviziva izvozvo. Uye taitenda kuti Ndiye aizova Mudzikinuri, kuti Aizodzikinura Israeri.”

¹¹³ Zvadarwo Anochauka zvino ndokuti, “Imi mapenzi, mune mwoyo inononoka kutenda zvose zvakaarehwa nevaporofoita

pamusoro paKe hazvaizoitika?” Maona? Mutarisei zvino achidzokera kuchiporofita. Kutsiura kwakadini kuvatendi, vaiti ivo vaiMutenda!

¹¹⁴ Cherechedzai masvikire aAkaita panyaya yacho. Haana kumbobuda pachena achiti, “Ndini Mhesiya wenyu.” Aikwanisa kunge akadaro, nokuti Aiva. Asi cherechedzai AkaZvicherechedza muShoko, saka vaizoziva. Dai Akazvitauro, aikwanisa kuzvitauro uye zvaisazova saizvozvo; asi paakaenda uye akatanga kutaura pamusoro pezvese vaporofita zvavakataura pamusoro paKe, uye vakazviona, zvadaro vaigona kuzviudza, dai vanga vari vana vaMwari. Asi akadana pfungwa dzavo kune zvakafanotaurwa nevaporofita nokuti vatarisire munguva iyo Mhesiya, zera raKe, raizozadzikiswa. Iye, saJohane, regai Shoko, Bhaibheri, rizivise Mharidzo yavo. Chero muporofita wechokwadi anozviita. Hongu. Haana kubuda uye akati, “Ndini Iye. Ndini . . .” Haasi muporofita wechokwadi waMwari. Maona? Asi Akati, “Dzokerai muMagwaro.” Munoono, haAmbobvira akundika nzira yaKe yekuzviita. Maona?

Akati, “Tinoziva Mosesi.”

¹¹⁵ Iye akati, “Dai makaziva Mosesi, mungadai makaNdiziva.” Akati, “Mosesi akanyora nezvaNgu.” Akati, “Nzverai Magwaro, maari munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye Magwaro ndiwo anondipupurira Ini. Endai munotarisa muMagwaro muzvione.”

¹¹⁶ Pano Haamboshandure nzira yaKe yekuzviita, haisati yamboshanduka. Haambogoni kushanduka, nokuti Iye ndiMwari asingashanduke. Maona? Cherechedzai Iye akadzokera kuvadzidzi vaviri ava, Kreopasi neshamwari yake, panzira yekuEmausi, uye akati, akanongedzera kuMagwaro kwavari, akati, “Sei imi vekusafunga zvekutadza kutenda kuti Shoko rese rakanyorwa nevaporofita maererano naMhesiya raizofanirwa kuzadzikiswa?” O, izuva rakadini!

¹¹⁷ Johane akaita chinhu chimwecho. “Nzverai Magwaro, tarirai kumashure, zvakanzi paizova ‘nenzwi reuyo anodanidzira murenje.’ Ndakabva kupi?” Maona? Izvozvo, zvaifanira kuzvijekesa kwavari. Zvakanaka!

¹¹⁸ Zvinofanirwa kuzvijekesa nhasi, chinhu chatinoona Mweya Mutsvene uchiita. Akamboti, “Nzverai Magwaro.” Uye isu . . . Anoda kuti tizviite nhasi.

¹¹⁹ Cherechedzai, Anotanga nechiporofita chaMosesi, Bhaibheri rakati, “Iye, achitanga naMosesi navaporofita vese,” asi Iye akatanga naMosesi. “Muporofita,” akataura Mosesi, “Ishe naMwari wenyu achasimudza pakati penyu imi vanhu, pakati pavanhu. Ishe Mwari achasimudza muPorofita.”

¹²⁰ Zvino Anogona kunge akati, “Kreopasi, neshamwari yako pano, Mosesi haana kuti here mumazuva ano Ishe Mwari

aizosimudza muporofita? Uye Murume uyu wavakaroverera pamuchinjikwa, Akakwana here pane zvinokodzera zvacho? Zvino, Mosesi akaporofita izvi. Zvino hamuna kumbova nemuporofita kwemazana nemazana emakore, uye pano Murume uyu akasimuka. Uye chii chaifanotungamirira Murume uyu, madaro?” Mazvibata? Uye zvose vaporofita zvavakataura pamusoro paKe, muzera raKe, Akataura kwavari. Zvaifanira kunge zvaifadza zvachose kuMuteerera. Hamaisada kuMunzwa here? Ndaizoda kuMunzwa, kuMunzwa, zvaAkareva kuti vaporofita vakataura pamusoro paKe, asi haana kumbotaura kuti aiva iYe. Aingovaraidza nechiporofita. Akangoti, “Muporofita akataura kuti izvi zvaizoitika.” Maona?

¹²¹ Ngatidzokerei maminiti mashoma, uye zvino ngatinzwi Mashoko aakataura pachaKe. Tarisai pano, Shoko pachezvaRo richireva Shoko pamusoro paKe. Shoko pachezvaRo richireva Shoko pamusoro paKe. Kwete kuvaudza kuti Aiva izvo, asi kungorega Shoko riZviturire, zvino vanoziva kuti Iye ndiAni. Tsamba yeShoko, ichireva Shoko imomo...Shoko munyama, richitaura Shoko retsamba, richibatandzwa zvizere naYe. Tarisai pano, zvino ngatiMuteererei achireva. Sei...Zvino, tinoziva kuti vose vakaziviswa nezvevitiko zvainge zvichangoitika, zvinova, zvekuroverwa pamuchinjikwa nenyaya yerumuko, bwiro, sezvachangobva kuverenga. Zvino Anoenda onanga kuShoko rechiporofita pamusoro paKe. Zvino ngatingofungai kuti Akataura izvi; Akataura zvakanwanda kupfuura izvi, asi tarisai.

¹²² Ngatitii Iye...munzwei Achiti, “Zarurai uko kuna Zekaria 11:12. Uye Mhesiya aisafanira kutengeswa here, maererano nemuporofita, kwemasirivheri ane makumi matatu? Muchangoti Murume uyu akatengeswa kwemasirivheri ane makumi matatu. Vhurai kuna...” Muri kuabata here iwo Magwaro? Zekaria 11:12. Uye zvadaro Iye akati, “Makacherechedza here zvakataura naDhavhidha muMapisarema, Mapisarema 41:9? Akatengeswa neshamwari dzake. Uye zvadaro zvakare, muna Zekaria 13:7, Akasiwa nevadzidzi vaKe. Uye muna Mapisarema 35:11, akapomerwa nevapupuri venhema. Muchangobva kuti Akanzwaro. Isaya 53:7, Akaramba anyerere pamberi pevapomeri vaKe. Isaya 50:6, vakaMurova, muporofita akataura. Mapisarema 22, Aizochema pamuchinjikwa, ‘Mwari waNgu, Mwari waNgu, MaNdisiyireiko?’ Akadaro here, marimwezuro masikati? Mapisarema 22 zvakare, 18, nguvo dzaKe dzakagovewa pakati pavo. Vakazviita here? Uye Mapisarema 22:7 kusvika 8, anonyombwa nevavengi vaKe, kereke. Mapisarema 22 zvakare, hapana bvupa mumutumbi waKe riri kuzotyora, asi ‘vakaboora maoko aNgu nemakumbo aNgu,’ Akataura. Akabata maoko aKe kumashure kwaKe, pasina kupokana, panguva iyoyo. “Isaya 53:12 yakati Aizofira pakati pevataidzi vairi. Isaya 53:9 ikati Akavigwa nevapfumi.

Mapisarema 16:10 yakati, ‘Handingasiyi mweya waKe musheori, uye Handingatenderi Mutsvene Wangu kuti Aone kuora.’ Uye ko akanga asiri Maraki 3 here aifanotungamira Murume uyu?” O, ndaida kunge ndakamunzwa achitaura izvozvo. Tarisai pazviporofita! Cherechedzai, zvadaro mifananidzo yose yaAngadai akapfuura mairi, pamusoro paIsaka, munaGenesi 22, kuti Mwari Akafanofananidzira Isaka sei, kuti baba Abrahamu vakatora sei mwanakomana wavo ivo, vachitakura huni kukwira gomo, uye kupirisa mwanakomana wavo ivo.

¹²³ Zvakanga zvave kutanga kusinina zvichipinda mavari zvino. Iye akanga atovaudza kare kuti vaiva vasingafungi nokuda kwekusatarisa pachiporofita chezuva iroro. Uye zvino zvakatanga kusinina, vakatanga kuona kuzadzikiswa kwezvese izvi zvanga zvaitika mumazuva mashoma apfuura, mumakore mairi kana matatu apfuura, chiporofita chakasimbiswa chezera. Ipapo zvadaro ndipo pavakaziva kuti Shamwari yavo yakarovererwa pamuchinjikwa, Jesu, aiva azadzikisa Shoko rese reizvi. O, ipapo ndipo pavakaziva kuti Murume iyeye zvirokwazvo aiva Mhesiya uya, uya—uya Anofanira kumuka kubva kuvafi. “Guva harina kukwanisa kuMubata. ‘Handingatenderi Mutsvene Wangu kuti Aone kuora.’ Hapana Shoko rimwe chete rechiporofita rinombofa rakakundika. Uye Iye akamuka.”

¹²⁴ “Zvadaro nhume dziya zasi kubwiro mangwanani ano vataura zvirizvo. Amuka kubva kuvafi. Iye mupenyu. Ndiye Mhesiya uya.” Sei? Musatadze kuzvibata. “Maitire ake, shumiro yaKe nezvose zvaAkaita zvakasimbiswa chaizvo seMashoko emuporofita zvaakataura kuti zvaizoitika muzuva rino. Zvazviita.” Zvadaro vakaziva kuti aiva Iye, Shamwari yavo yakarovererwa pamuchinjikwa, Jesu, akanga azviita. Hazvishamisi sei mwoyo yavo yakanga ichitsva mavari paAitaura navo. Zvino vakanga vafamba mamaera matanhatu, uye zvakaita senguva pfupi.

¹²⁵ Uye hepano pane chimwe chinhu chavanga vaita, munoziva, vakanga vanzwa mharidzo yemaawa matanhatu pamusoro pechiporofita chichisimbiswa. Ndizvo zvaAitaura kwavari vachifamba munzira. Vachingotanga kudzika nenzira, Iye akabuda, nokuti Aivapo chaipo paJerusarema. Maawa matanhatu akatevera-a...akatevera, mastadhia makumi matanhatu, vakanga vari zasi panzira yekuEmausi. Ndizvo zvazviri. Uye Akanga aparidza, chiporofita chakasimbiswa kwemaawa matanhatu. Musandiwanire mhosva pane angu matatu, zvino, munooni. Maona? Asi cherechedzai, vakanga vaparidza...Iye...Ivo vaiva vanzwa mharidzo yemaawa matanhatu pamusoro pechiporofita chakasimbiswa, chichisimbiswa.

¹²⁶ Zvino yakanga yosvika nguva yemanheru. Munoziva, Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ipapo ndipo

paAkavhura meso avo kuti vazive kuti VaHebheru 13:8, Iye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Panguva yemanheru, zviitiko zvinojekeswa nechiporofita. Zvirikuitika munguva dzechimanjemanje zvinocherechedzwa zviri nane kana ukangotenda chiporofita chenguva.

¹²⁷ “Hongu, mapenzi, vanononoka kunzwisisa, vanononoka kutenda (munoramba muchifunga nezvazvo), kutenda zvose zvakataurwa nevaporofita pamusoro paMhesiya, hazvaifanira kuitika here?” Zvino akatarisa zvose izvi kumashure kwese uye akataridza zvakanga zvataurwa nemuporofita kuti zvaizoitika. Zvino vakatanga kunzwisisa. Saka akati . . . Akaita sokunge aizopfuurira achienda mberi. Vakafarira Murume uyu. Vakati, “Iwe, Watipa chimwe chinhu. Hatina kumbofunga nezvazvo. Mupenyu pane imwe nzvimbo.” Ivo vaitaura naye, vasingazvizivi. Saka Iye . . . uye pasina kupokana Akavatarisa akasuwa, uye akatanga kufamba achipfuurira, asi Iye—Iye akanga akamirira kuti vaMukoke. Ndizvo zvaAkamirira manheru ano, kuti iwe uMukoke.

¹²⁸ Cherechedzai, paya vadzidzi vaye pavakaMukoka mukuyanana kwavo vakatenderedza tafura, ipapo zvadaro ndipo paAkaita chimwe chinhu sezvaAkamboita Asati arovererwa pamuchinjikwa, uye maziso avo akavhurika. Vaiziva hunhu hwaKe, maitire Ake. Vaiziva zvaAinge aita, uye Akazviita ipapo sezvaAimboita. Uye vakati, “Uyu Ndiye!” Uye nekukurumidza vakasimuka kuti vazvisheedzere, zvino Iye akanyangarika. Uye pavakatora maawa matanhatu kuti vateerere mharidzo iyi, pamwe maminiti makumi maviri vakamhanya kudzokera kunotaurira vamwe vese, “Iye amuka zvirokwazvo. Mupenyu zvirokwazvo.”

¹²⁹ Shamwari, uku kuzadzikiswa kwaMaraki 4, Mutsvene Ruka 17, Mutsvene Johane 15, o, akawanda, Zvakazarurwa 10, zviporofita zvakawanda zvinokwanisa kunongedzwa pazuva ranhasi. Uyewo muBhuku raMarko uye munaMateo, apo paAkataura kuti mashura nezviratidzo zvikuru izvi zvaizoonekwa muchadenga, uye vanhu vachazviti ndiro, ndiro dzinobhururuka, dzinogona—dzinogona kunyangarika nesimba uye kumhanya kwepfungwa, njere dzinogona kufamba. Iye anogona kunyora, Anogona kutaura, Anogona kuita chero chaAnoda kuita. Shongwe yeMoto huru, “mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Nezvionwa zvichiuya panyika, mapiramidhi ehutsi achisimuka kupinda mumhepo, uko kumusoro chaiko kusingakwanise kuva nehunyororo kana chii, mamaira makumi matatu kuenda mudenga. Zvakafanotaurwa gore nechidimbu zvisati zvaitika, kuti zvaizova nenzira iyoyo. Zvadaro tenderedza mufananidzo wacho uye uone kuti Ndiani akatarisa pasi. Hapana Shoko rimwe chete rakambokundika rakataurwa, uye hepano pane Shoko raMwari rakanyorwa, kusimbisa Zvokwadi. Uye kuti inguva yemadekwana zvakare.

Ndisingazive dai Aidzoka, nenyasha, manheru ano uye iota chimwe chinhu zvino sezvaakamboita kareko. Ngatinamatei uye tiMukumbire. Zviitiko zvichijekeswa nechiporofita chakasimbiswa.

¹³⁰ Mwari Samasimba, tibatsirei. Tibatsirei, Mwari anodikanwa, kuti tinzwisise, kunzwisisa zvinhu zvatnofanira kuziva, kunzwisisa Shoko reNyu. Uye zvino, Ishe, tanzwa mharidzo zvino kwemakore anoda kusvika zviuru zviviri, zvinyorwa zvemabhuku. Uye mumazuva ano ekupedzisira pano zvadzokera shure zvakare, uye zvino yave kusvika nguva yemanheru. MaMethodisti, Bhapatisti, Presbyteriani, uye vazhinji vavo pakudzika kwemazera vakataura neMi, uye pamwe munzira mezuva rino guru risina kumbobvira rava kunyange usiku kana masikati, sekutaura kwakaita muporofita, asi munguva dzemanheru kuchava neChiedza. Jesu akamuka kubva mubwiro uye akaonekwa naSimoni nekumadzimai, uye akavaratidza kuti Aiva mupenyu. Aiva mangwanani iwayo. Zvino manheru Akadzoka zvekare. Asi akafamba kwavari masikati, achivatsiura nekuda kwekupofomara kwavo, asi zvararo Iye Akazvizivisa kwavari panguva yemanheru.

¹³¹ Mwari, huyai mukuyanana kwedu pamusoro peShoko manheru ano. Mwari, harinyanye kutendwa muvanhu nhasi, asi ndinotenda kuti pane vamwe vaMakadana uye nekuvagadza kuHupenyu Husingaperi, uye Imi Makati, “Vose avo Baba vakandipa vachauya.” Uye zvino Zviedza zvenadekwana zvichipenya, Muchizvitendera, Ishe, kuti hapana kana chiporofita chimwe chete (mumazana akapiwa kare) chati chambokundika nguva imwe. Zvararo chokwadi kana zvichiratidza, anofanira kunge ari Imi, nekuti hapana munhu angagona kunanga zvakadaro. Sezvakangoita Bhaibheri, hapana munhu aigona kunyora, hapana aripo munguva yechiuru nemazana matanhatu emakore, nemakumi mana evanyori vakasiyana-siyana, anogona kunyora, uye poshaya chimwe chete chakakanganiiswa maRiri.

Mwari Anodikanwa, ndinonamata kuti Imi Muzviratidze manheru ano, waVaHebheru 13:8, kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Uye mabasa aMakaita paye, Munoaite nhasi. Uye Makazvivimbisa, Imi Makati, “Mumazuva ano ekuguma, apo nyika inenge igere seSodhoma neGomora, kutsveyamiswa.” Tinotarisa kuvakomana ava vanoita kunga vasikana, vachipfeka hembe savo, uye—uye kuona vasikana vachiedza kuita sevakomana, uye kuona madzimai nevarume muzera rakatsveyamiswa rino, kuona kukwezva muruchiva kwave chi—chimwari chinonamatwa. Vhangeri rakasandudzirwa kudivi rimwe, uye kusasimira mukereke yeRaodhikia. O Mwari, inguva yakadini! Uyai, Ishe Jesu, Zvizivisei kwatiri. Nokuti tinozvikumbira muzita raJesu.

¹³² Zvino makakotamisa misoro yenyu, maziso enyu akavharwa, ndichakubvunzai chimwe chinhu. Munotenda kuti Mwari aripano here? Munotenda here kuti zvinhu zvaChiri kuita nhasi chiporofita chiri kuzadzikiswa? Munotenda kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi here? Munotenda here kuti paAiva pano uye achiratidzwa munyama muzuva riya, uye mabasa Aakaita ipapo, aizodzokororwa zvakare muzuva rino? Muporofita akataura kudaro. Bhaibheri rakadaro. Gwaro rese rinofanira kuzadzikiswa, harigoni kukundika. AkaZvzivisa sei? Nekuva uya Muporofita uyo Mosesi akataura nezvake. Akaziva zvakavanzika zvemoyo yevanhu. Mudzimai akabata hanzu yaKe, Iye akatendeuka ndokuti, “Kutenda kwako kwaKuponesa.” Apo Simoni Petro paakauya kwaAri, Akaziva zita rake, akamuudza kuti aiva ani, kuti baba vake vaive ani. Zvino uya Jesu akaisvonaka haana kufa, Mupenyu nekusingaperi. Mwari ngaArumbidzwe! Uye ndinotenda, munguva ino yemanheru zvino, Akatidana pamwe chete zvakare.

¹³³ O Ishe Jesu, uyai pakati pedu. Musatipfuura. Uyai, garai usiku hwese nesu kusvikira usiku huno hwapfuura, zvadaro titenderei tiende neMi mangwana; tingaKuzivai musimba reNyu rerumuko, kuitira kuti rudo rweNyu nyenyasha netsitsi zvigova nesu. O Mwari Wekusingaperi, tipei zvinhu izvi. Tinoziva kuti Mwari ega anogona kutipa izvozvo.

¹³⁴ Mukurevesa kwenguva ino, ngatitaurei izvi. Mwari, Baba vedu, nyama yedu itemberi yeNyu inonzwisa urombo. Asi, Ishe, tenderai nyasha dzeNyu dzekuchenesa, Mweya weNyu Mutsvene, uuye zvino. Tichenesei kubva pakupokana kwese uye kunetsekana kwese, kufungidzira kwese uye mutsara upi zvavo wekushoropodza ungave uri matiri, kuti tive takasunungurwa pasina kana kupokana; tobuda kunze, tichipupura pachena saPetro, “Ndimi Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

¹³⁵ Tinotenda kuti Shoko reNyu iZvokwadi, Ishe. Regai isu tingoona, tisati tatanga mutsara wekunamatira vanhu, Ishe, Zvivivisei kwatiri. SezvaMakataura, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti,” apo Abrahamama, boka riya duku rakadanwa kunze rakamirira mwanakomana akavimbiswa, Roti aiva zasi uko achinzwa Billy Graham wechimanjemanje naOral Roberts kumamiriro aya emasangano zasi ikoko, senyika. Asi Abrahamama aiva mutorwa asina sangano, kanongova kaboka kadiki aka kari kumbeya kachitenderera munyika yaaizogara nhaka. “Uye vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika.” Rimwe zuva, pasi pemumvuri wemuti, vagere zvavo, vachizorora, Mwari vakadzika muchimiro cheMunhu. Ngirozi mbiri dzakadzika zasi muSodhoma. Uye Mwari, munyama yemunhu, akazviratidza kuti ndiYe, Iye akati, “Abrahamama, ko aripi mudzimai wako, Sarah?” Mazuva mashoma zvisati zvaitika, aiva Abrama; uye S-a-r-a-i, Sarai; kwete Sara, “mukunda wamambo.” Uye

Imi makamudana nezita remukunda wamambo, mwanasikana wamambo. Mukadana Abrahama nezita rake, Abrahama, baba vendudzi. Uye Makati, “Ndichakushanyira.”

¹³⁶ Mwari, moyo wemuporofita unofanira kunge wakasvetuka zvakadii! Akaziva kuti Maive Ani pakare ipapo. Ndosaka akageza tsoka dzeNyu, akabuditsa zvokudya zvese zvaaiva nazvo, uye zvakanakisisa, akazviwaridza mberi kweNyu. Akaziva kuti aiva Mwari ipapo. Zvadaro Akati, “Sara aripi?” sekunge Aisaziva. Uye Imi. . .

¹³⁷ Abrahama akati kwaAri, “Ari mutende. . . ari mutende, seri kweNyu.”

¹³⁸ Uye Imi makataura zvaizoitika. Uye iye, mumoyo make, akaZvipokana. Uye zvadaro Imi—Imi makati kuna Abrahama, “Sei Sara apokana izvo, achiti mumoyo make, ‘Zvinhu izvi hazvigoneki?’ Pane here chakaomera Mwari?”

¹³⁹ O Mwari! Jesu, Mwari weShoko akaratidzwa, Imi makati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma,” nyika ichange iri muchinhanho ichocho kuparadzwa kwenyika yevaHedheni kusati kwangosvika, Mwaka wevaHedheni. Hepanoi patiri, VaSodhoma vemazvirokwazvo! Uye zvadaro Makataura kuti Mwanakomana wemunhu, anonongedzwa kwaari nguva dzose kuti “muporofita,” aizozarurwa munguva iyoyo. Zadzikisai Manzwi eNyu, O Mwari. Isu, vana veNyu vanotenda, takamirira nemoyo yakaperera, kuti mutipe kutenda, Ishe, kuti, patinova nemutsara wekunamatira vanhu, vanhu vachatenda. Yave nguva yemanheru, Baba. Regai Zviedza zvemanheru zveMwanakomana waMwari (Uyo Aivapo, Uyo Aripo, uye UchazoUya) aZviratidze nechiporofita chaAkaita. Muzita raJesu Kristu. Amen.

¹⁴⁰ Ini zvino ndagadzirira ku—kunamatira vanorwara. Asi chinhu chinoshamisa, kuti sei patinomira pano. Hepano ndimire pano zvino ndichipa kudenha kuruzhinji, uye vakabatanidzwa munyika, kuti Mwari achiri Mwari. Haagoni kukundika. Uye zvaanovimbisa, izvozvo Achaita. Iye haambofa akatadza kuzviita, nokuti Akavimbisa kuzviita. Naizvozvo ndinokwanisa kuisa rutendo rwakaperera mune zvaAkataura. Naizvozvo ndinotarisisa kuUya kwaKe, ndinotarisisa kuti Iye asvike panguva ipi zvayo, nekuti Akati, “Munguva yamusingafungire,” nyika isingafungiri, “ndipo paAchauya.”

¹⁴¹ Zvino, sekuziva kwandinoita. . . Ndiri mutabhenakeri yangu muno, uye pane vanhu vashoma vagere muno va—vandinoziva. Hama Wright, vashoma veavo vagere pano, pano chaipo, ndinovaziva. Asi pane vazhinji venyu vandisingazive. Uye handina nzira yandingati Mwari achaita izvi manheru ano. TakaMuona achizviita kwemakore nemakore apfuura, asi Anogona kusazviita manheru ano. Handizive. Zviri kwaAri. Anozvitonga. Anoita zvaAnoda. Hapana anogona kuMuudza

zvekuita. Anogara ega, mukuda kwaKe nenzira dzaKe. Asi nekuti Iye akazvivimbisa, ndiri kuMukumbira kuti azviite. Kwete nekuda kwedu, kuti tiri kuzvida, asi pamwe kuitira vamwe vaenzi, kuti Mweya Mutsvene ugozodzwa...zvino chizoro pamusoro pedu. Zvino, hazvinei kuti Anondizodza zvakaita sei, Anofanira kukuzodzawo, zvakare, zvirokwasvo, kuti utende.

¹⁴² Zvino ndinoda kuva nemutsara wekunamatira vanhu, uye ndiri kuda kunamatira varwere nepese pandinokwanisa napo. Zvino, tinokwanisa kuva nemutsara, kudaidza vanhu uye tovaunza kumusoro kuno, mutsara wekunamatira uye tonamatira munhu wese pano ari kurwara, ndinofungidzira, ndichava nehama dzangu dzinoshumira kuti dziuye kuno nesu, uye toisa maoko pamusoro penyu. Tinogona chaizvo kuita izvozvo. Kana kuti tinogona kukumbira Baba vedu, Avo ndivo Vega vanokwanisa kukuitirai chero chipi chinhu, nekuti maoko angu angori emunhu semi varume. Asi chinhu chacho ndeichi, harisi ruoko rwemunhu rinozviita; iShoko raMwari. Kutenda muShoko iroro ndiko kunozviita. Hapana chesainzi pazviri, zvese hazvinei nesainzi.

¹⁴³ Hapana kana chinhu chimwe chete Mukristu chaainacho mugangautare yake chiri chesainzi. Maizviziva here? Rudo, mufaro, rugare, mwoyo-murefu, hunaku, hunyoro, kupfava, kutsungirira, kutenda, Mweya Mutsvene, zvese hazvingaoneki nesainzi. Uye ndicho chinhu chega chechokwadi chinogara. Chese chaunotarisa chinobva muvhu uye chinodzokera kuivhu. Asi zvinhu zvausingagoni kuona neziso rako, asi unoZviona zvichiZvizivisa, ndiyo nyika yeKusingaperi.

¹⁴⁴ Mungatenda here, dai Mwari Aizviratidza uye achiratidza kuti Mupenyu pano, achiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita pakutanga, mushure meMharidzo ino, munozvigamuchira here sekupodzwa kwenyu? Dai Mwari vazvitendera. Zvino ndiri kukumbira chero munhu ari muimba muno, zvisinei kuti ndiwe ani kana kwaunobva, ndinokukumbira kuti utende zvakaperera Mharidzo ino kuva Chokwadi. Ndiyo Mharidzo iyo Mwari anayo muBhaibheri raKe kuitira nguva ino, kuti Jesu Kristu ari pano manheru ano uye mupenyu. Zvino nepadiki. . .

¹⁴⁵ Mose vanhu imi munoziva pamusoro pangu, ndiri zvangu muno muguta mandakarererwa. Handitomborina dzidzo yegirama. Ndicho chokwadi chaicho. Uye mandiziva kwenguva refu, ndinovimba ndakararama pamberi penyu zvakaturatidzai kuti ndakatendeka uye ndinorevesa. Handisi munyengeri. Kana vatsoropodzi vangu havadaro. Ivo, vanongoti, “Iwe—iwe hauri munyengeri, asi wakangotsveyama. Wakangotsveyama usingazive, kwete uchida.” Handifunge kuti ndakatsveyama ndisingazive, nokuti Shoko raMwari rinopupurira Mharidzo yangu, uye Inofanira kukuudzai kuti Iyo ndiAni. Uye munondinzwa ndichitaura pachena kuti Izvo hazvisi ini, saka

zvadaro Zvinofanira kuva Iye. Ndizvo here? Ivai nekutenda munaMwari zvino. Tarirai kuno, uye imi tendai Mwari. Kana mukagona kutenda Mwari, Mwari vachazvipa kwamuri. Kana Akagona kuita sezvaAkamboita kare, saka Achiri Mwari. Munozvitenda here?

¹⁴⁶ Munozvitenda here? Mudzimai agere pano pamberi pangu, akanditarisa, ane misodzi mumaziso ake, achirevesa. Handimuzive kuti ndiani, handisati ndambomuona. Ndiri mutsva kwauri. Unofunga kuti Mwari vanoziva chakavanzika chemoyo wako here, zvishuvo zvako, kana chivi chako, kana chero zvachiri? Unofunga kuti Anoziva? Unofunga kuti anogona kuzarura kwandiri kuti chivi chako chii, zvawakaita, zvaunofanira kunge usina kuita, kana chishuwo chako, chero zvachiri? Kana Akazviita, zvinoita kuti uMutende here, kuziva kuti anofanira kuva Iye? Unozvigamuchira kuva Iye here? Hachisi chivi chako chiri kukunetsa; wakazvireurura. Asi uri kuda rubhapatidzo rweMweya waKe Mutsvene. UchaRwugamuchira. NdaUona uchifamba uchidzika nepaari.

¹⁴⁷ Kutu muzive kuti ndanga ndakatarisa kumudzimai uyu, anga akanditarisa, ndinoda kukutaridzai Mweya Mutsvene. Tarisai kuno, pamusoro pemudzimai agere pano, zasi petsoka dzangu pano. Pandadaro, ndicho chinhu chimwecho chaari kuda, runova rubhapatidzo rweMweya Mutsvene. Munotenda kuti muchaUwana, hanzvadzi? Simudzai ruoko rwenyu, zvadaro. Handisati ndamboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu, zvandinoviva.

¹⁴⁸ Onai murume akagara apa akatsikitsira musoro wake pasi, akagara necheapo chaipo, necollar yake isingamukwane, uye nezvimwe zvakadaro. Unonetswa nedambudziko redundira. Unotenda kuti Mwari achakunatsa? Simudzai ruoko rwako kana uchiZvigamuchira. Zvakanaka, Mwari achakupa chikumbiro chako.

¹⁴⁹ Uyu mujaya agere pano apa, achida rubhapatidzo rweMweya Mutsvene. Unotenda here kuti Mwari achaKupa kwauri; changamire, mune tayi yenyu yerushinda ruchena yakaremba kumashure? Mwari achazvipa.

¹⁵⁰ Murume uyu pano ari kunamatira mudzimai wake. Ari muchipatara chepfungwa. Munotenda here kuti Mwari anomupodza, kumunatsa? Unozvitenda here? Unogona kuzviwana.

¹⁵¹ Une ruoko rwuri pahuro pako, unotenda kuti Mwari anogona kupodza dambudziko remoyo riri kukutambudza, dambudziko remudumbu raunarora here? Wakagara apo, uri kutotambudzika izvozvi. Ndizvo here? Unotenda kuti Anokupodza? Zvino unogona kuzviwana. Amen.

¹⁵² Munoono kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Bvunzai vanhu ivavo, muone kana ndichivaziva.

Handivazive, asi Iye anovaziva. Amen. Murikuona Chiedza icho parutivi rwemadziro uko, chakaremba pamusoro pemurume akagara uko. Ari kunetseka nebvupa rake rekumusana. Haasi wekuno, anobva kuGeorgia. VaDuncan, tendai nemoyo wenyu wese, Mwari achapodza dambudziko iroro remusana. Munotenda nemoyo wenyu wese? Mwari vakuropafadzei.

¹⁵³ Hepano murume akagara kumashure-shure uko, ane dambudziko remusana, akanditarisa. Handimuzive, asi ndiVaThompson. Munotenda here? Simukai, changamire, kumashure uko, kuitira kuti...Ndiri mutsva kwamuri. Ndizvozo. Ari mugere ipapo, muchinamata. Dambudziko renyu remusana rapodzwa zvino. Jesu Kristu vakunatsai.

¹⁵⁴ “Kuchava neChiedza pakusvika kwenguva dzemanheru.” Hamuone here, Ari pano manheru ano! Ndiye NDIRI mukuru. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Munozvitenda here? Magutsikana nekupikiswa here kuti uyu ndiJesu Kristu achiZvizivisa, kuZvibatanidza muchiporofita?

¹⁵⁵ Musanetseke neziso. Mwari anopodza vanorwara nevanotambudzwa.

¹⁵⁶ Vangani vanhu vari...Vangani vari muno, vanorwara? Ngationei maoko enyu. Zvinongoita sokunge kudhonza nekudhonzeka. Pakati penyu pane ane khadhi rekunamatirwa here? Handizivi kuti ndaikunzai sei kuno. Ndinoda kukunamatirai, asi handizivi kuti ndozviita sei. Munoono chii, tarisai pamadziro, ndingavapinza sei imomo? Ko mukaita kuti nzira imwe chete ivharwe? Maita kuti imwe ivharwe zvakare ipapo, munhu wese amira kuti mbikiti.

¹⁵⁷ Teerera, ndinzwei. Ndakambokuudzai here chero chinhu muZita raShe kusara kwezvinoitika? Ndizvo here? Zvinhu zvese zvagara zvirizvo. Handina kumbobvira ndambokukumbirai kobiri rimwe chete remari muupenyu hwangu, ndakambodaro here? Hapana kana nguva imwe chete hayo. Handina kumbobvira ndatora mupiro muupenyu hwangu. Handisi pano kutsvaga mari. Handisi pano kukunyengerai. Ndiri pano kuzadzikisa Shoko raMwari renguva. Ndakuudzai Chokwadi, uye Mwari vapupura kuti iChokwadi. Zvino ndinokuudzai, ZVANJI NEMAGWARO, kuti kana mutendi akaisa maoko ake pane vanorwara, Jesu akati, “Vachapora!” Munozvitenda here? Zvadaro, muHupo hwaMwari, hamutendi here kuti Achazviita iye zvino?

¹⁵⁸ Zvino isai maoko enyu mumwe pamusoro pemumwe, mungobata makadaro kweminiti. Zvino, musa—musanamate, chingoisa maoko enyu mumwe pamusoro pemumwe; kunze uko kunyika. Neni, inini, ndazviisa pamusoro pemahengechepfu aya. Zvino ndinoda kuti munditarise kweminiti. Chii Mwari chaasiya asina kuita? Tarirai kuti Iye, izvo Shoko rataverenga, zviporofita zvataura, kuti Jesu akaZvibatanidza nezviporofita. Zvino tarirai nguva, uye nemavhiki matatu aya okupedzisira

pataisa nguva yatiri kurarama. Tarisai pane zvataverenga, ko pamusoro pevaporofita venhema uye potse zviratidzo zvaizonyengera vasanangurwa. Kuti Shoko raratidzwa zvakadini, mapofomadzi aita mwari wezera rino kunhema . . . moyo yevanhu. Uye kuti Mwari paChake akataura kubudikidza nezviporofita zvaKe kuti zvinhu izvi zvaizoitika muZera rino reRaodhikia. Hapana chasiwa chisina kuitwa. Mwari ari pano anongova Mwari mumwe chete akataura kuvanhu avo paEmausi, akaZvibatanidza nezviporofita zvakafanotaurwa pamusoro paKe, Ari pano manheru ano achizivisa Hupo hwaKe nezviporofita zvakafanorehwa kuitira zera rino. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Munogona kuzvitenda here? Zvino chiisai maoko enyu mumwe pamusoro pemumwe. Usazvinamati, asi nenzira yako namatira munhu wawakaisa maoko ako pamusoro, nekuti vari kukunamatira. Zvino tarisa, usapokane.

¹⁵⁹ Uye zvino dai maigona kuona zvandakatarisa! Uye munoziva kuti handaikunyeperei, ndakamira pano. Dai maigona kuona, uye kutenda kwenyu kwaigona kukwezva uya Mweya Mutsvene mukuru waifamba uko mumhepo—mhepo, iyo sainzi yakatora mifananidzo yacho, uye moonu Uchifamba muchivakwa chino uchingotsvaga nzvimbo yeku—yekumhara, ichitsvaga nzvimbo yekuisa hoko. Zvitende chete, hama yangu. Akazvizivisa neMagwaro nezvakadaro, kuti ndizvozvo. Zvino namatira munhu wawakaisa maoko pamusoro wakaperera; vari kukunamatira.

¹⁶⁰ Anodikanwa Jesu weNazareta, hongu, tinoziva, Ishe, kubudikidza neShoko, kuti Muri pano, kubudikidza nevimbiso yekuti Muri pano, “Panoungana vaviri kana vatatu muZita raNgu, Ndiripo pakati pavo. Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachaporeswa.” Kunze pamusoro pemasaisai efonu ino, dai Mweya Mutsvene mukuru apinda muungano yese. Dai Chiedza Chitsvene chimwecho chatinotarisa imo muno muchechi, dai Chawira pane mumwe nemumwe wese, uye dai vapodzwa panguva ino. Tinotsiura muvengi, dhiyabhore, muHupo hwaKristu; tinotaura kumuvengi, kuti akakundwa neku—kutitambudzikira, rufu rwaIshe Jesu nerumuko rwekukunda pazuva retatu; uye umboo hwaKe hwakasimbiswa kuti Aripo pakati pedu manheru ano, mupenyu, mushure memakore mazana gumi nemapfumbamwe. Regai Mweya waMwari mupenyu uzadze moyo wose nekutenda nesimba, uye simba rekupodza rinobva murumuko rwaJesu Kristu, Uyo anobatanidzwa zvino neChiedza chikuru chiri kutenderera chechi, muHupo hwaKe. Muzita raJesu Kristu, zvitenderei kuitira kubwinya kwaMwari.

¹⁶¹ Dai mahengechepfu aya atiri kunamatira, dai aenda kuvarwere nevanotambudzwa vaakafanira. Dai Mweya

Mutsvene mumwe chete ari pano zvino achiZviratidza, aZviratidza pamurwere wese uyo achaiswa izvi. Dai Hupo hwaMwari hwazadza moyo yavo nekutenda kusvikira hurwere hwemiviri yavo hwapodzwa. Izvi tinokumbira, kuitira kubwinya kwaMwari, muHupo hwaJesu Kristu nemuzita raJesu Kristu, sesu varanda vaJesu Kristu tinozvikumbara. Amen.

¹⁶² Zvino kubva mumoyo yenyu, handinei nekuti wanga uri kunetswa nei, unogona here, kubva mumoyo mako, kutenda nemoyo wako wese kuti Shoko raMwari rakupa chikumbaro chako? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndinotenda kuti ruoko rwese, sezvandinokwanisa kuona, rwasimuka. Kana uchizvitenda, zvino rangarira, zvapera.

¹⁶³ Imi kunze uko kumawaya emafoni, kana matenda nemoyo yenyu yose, vashumiri vachiisa maoko avo pamusoro penyu, uye nevadikanwi venyu vakaisa maoko avo pamuri, kana muchitenda nemoyo yenyu yese kuti zvapera, zvapera. Mweya Mutsvene mukuru, Ari muno mutabhenakeri manheru ano. NdaMuona achifamba nepamusoro pevanhu, Azviratidza pano parutivi rwemadziro, ndokudzika pane mumwe murume, adzika zasi kuno nekumusoro muchivakwa, achizivisa zvakavanzika zvemoyo, kuziviswa kweHupo hwaKe, kuratidza kuti Iye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Ari pakati pedu! NdiMwari, Mwari asingambokundike.

¹⁶⁴ Uye moyo yedu haina kutsva matiri here, uye haitsvi here iko zvino, kuziva kuti tave zvino muHupo waJesu Kristu akamuka kuvafi, kwaAri kupiwe kubwinya nekurumbidzwa nekusingaperi; Uyo ari muchimiro chaJehovha Samasimba chakaraidzwa; Uyo akafamba zasi muchimiro cheShongwe yeMoto mugwenzi raipfuta, kubata meso emuporofita; Uyo akadzika pagomo, uye ani zvake aitomboribata zvake aizouraiwa, kusara kwaMosesi naJoshua. Zvakaitika sei kuti Iye akatungamirira vana veIsraeri nemurenje, murwendo rwavo, semuenzaniso wevanhu vakadanwa nhasi. HeUnoi pano, nekunzvera kwesainzi, akatoZviratidza kunyangwe pamberi pesainzi. Uye nezviito zvaKe uye nekubudikidza nekuporofita kwaKe chaiko, zvinhu zvakaporofitwa pamusoro paKe kuti aite muzuva rino, kuMuita mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, zvakasimbiswa zvakakwana. Hazvina kukwana here kuita kuti moyo yedu itsve nematiri? Mwari akuropafadzei.

¹⁶⁵ Zvino muhumwe, ngatisimukei uye titi: Ini zvino ndinogamuchira Jesu Kristu seMuponesi neMupodzi. [Ungano inoti, “Ini zvino ndinogamuchira Jesu Kristu seMuponesi neMupodzi.”—Mupepeti.] Uye nenyasha dzaKe, [“Uye nenyasha dzaKe,”] kubva panguva ino zvichienda mberi, [“kubva panguva ino zvichienda mberi,”] O Mwari, [“O Mwari,”] regai pashaiwe kusatenda [“regai pashaiwe kusatenda”] kunombobvira kwakapinda mumoyo mangu, [“kunombobvira kwakapinda mumoyo mangu,”] nekuti ndaona [“nekuti ndaona”] chiporofita

["chiporofita"] chanhasi ["chanhasi"] chichizadzikiswa. ["chichizadzikiswa."] Ndinotenda ["Ndinotenda"] kuti Jesu Kristu ["kuti Jesu Kristu"] mupenyu ["mupenyu"] uye ari pano zvino ["uye ari pano zvino"] kusimbisa Shoko raKe ["kusimbisa Shoko raKe"] renguva ino. ["renguva ino."] Zviporofita ["Zviporofita"] zvakanyorwa pamusoro paKe ["zvakanorwa pamusoro paKe"] zvazadzikiswa zvino pakati pedu. ["zvazadzikiswa zvino pakati pedu."] Iye Muponesi wangu, ["Iye Muponesi wangu,"] Mwari wangu, ["Mwari wangu,"] Mambo wangu, ["Mambo wangu,"] Zvose munazvose kwandiri. ["Zvose munazvose kwandiri."]

¹⁶⁶ Mwari Anodikanwa, inzwi chapupu chedu. Uye tipei, zuva nezuva, Chingwa cheHupenyu. Uye tinopira kwaMuri rumbidzo, O Mwari, kubva pakadzika pemoyo wedu. TinoKurumbidzai, Uyo Samasimba, Mwari wevaporofita. Muzita raJesu Kristu. Amen.

O, inguva yakadii, inguva yakadii!

...tenda chete;
Tenda chete, ingotenda chete,
Zvose zvinogoneka, tenda chete.

Ngatiimbei sevizvi.

Zvino ndinotenda, o, zvino ndinotenda,
Zvose zvinogoneka, zvino ndinotenda;
Zvino ndinotenda, o, zvino ndinotenda,
Zvose zvinogoneka, zvino ndinotenda.

Ndicho chapupu chako here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvino tichikotamisa misoro yedu.

Tionanezve! tionanezve!
Tionane patsoka dzaJesu;
Tionanezve! tionane!
Mwari ave nemi tionanezve!

[Hama Branham vanotanga kuhon'era *Mwari Ave Nemi*, zvadaro vanotaura kuna Hama Neville—Mupepeti.] Pane zvaunoda kutaura here? Vayle.

...patsoka dzaJesu;
Tionanezve! tionanezve!
Mwari ave nemi tionanezve!

¹⁶⁷ Takakotamisa misoro yedu, Hama Vayle vamire pano kutiparadzanisa nemunamato. Hama Lee Vayle, munyori wepatabhenakeri pano, wezvekuverenga nemabhuku, uye nezvakadaro. Hama inokosha zvikuru, vava neni mumisangano yakawanda. Dai ndaikwanisa kurega mushumiri wese, kuvaunza kumusoro kuno kuzotaura navo. Munonzwisisa, ndine chokwadi. Mushumiri wese, tinofara kuva nemi pano. Vese vanamati, vanhu vekumachechi kwakasiyana-siyana, kupi kumwe, tinofara kuva nemi pano. Uye chokwadi munamato

wedu kune mumwe nemumwe, “Mwari ave nemi tionanezve.”
Takakotamisa misoro yedu, uye maoko edu akasimudzwa,
ngatirwuimbei zvakare zvinonyatsotapira kuna Mwari.

Tionanezve! tionanezve!
Tionane patsoka dzaJesu!
Tionanezve! tionanezve!
Mwari ave nemi tionanezve!



ZVIITIKO ZVICHIIJEKESWA NECHIPOROFITA SHO65-0801E
(Events Made Clear By Prophecy)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 1 Nyamavhuvhu, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org